रहता है कि सुख कहा नहीं जाता है ॥११॥

हे सखी ! मुझसे उस महा मूर्ति के दर्शन सुख का वर्णन नहीं किया जाता जहाँ मैं अपनी सुरति को ठहराती हूँ । धरनी दास कहते हैं कि मैं इन विमल बारह मासों के गुणों को सुनकर आज बारह मासा गा रहा हूँ ।

यह सन्त कवि धरनीदास जी का रचा हुआ ३०० वर्ष पूर्व का बारह मासा है । पाठक इसकी विचार प्रौढ़ता और वर्णन शैली पर विचार करें । कितनी सुन्दर रहस्यानुभूति है ।

(२)

चइत अजोधिया में जनमें राम, चनन लिपवलों सगरो धाम ।
सुबरन कलसा धइलों भराइ, सब रहि गइले धइले धाम ॥
आरे पठवली बइरन केकई बनवा बालक मोर ॥१॥
बइसाख मास रितु भीखम घाम, पवन चलत जइसे बरिसत आग ।
जइसे जल बिनु तड़पेले मीन, पिआसल होइहें लखन रघुबीर ॥
आरे कवनेरे बिरिछ तरे । ई दुख दीहली केकई । पठवली० ॥२॥
जेठ मास लूह लागेला अंग, राम लखन बन सीता संग ।
हरि के चरनवा कमल समान, धधकेली धरती अवरू असमान ॥
धरत होइहें पग कइसे राम । पठवली० ॥३॥
असाढ़ मास घन गरजेला घोर, चहके चिरइयाँ कुहुँकेला मोर ।
कलपेली कोसिला अवधपुर धाम, बन भीजें मोरा लछुमन राम ॥
कवना रे बिरिछ तरे । पठवली बइरन० ॥४॥
सावन मास सरग साधेला तीर, गूँजेले भँवरा फिरेले भुजंग ।
ठाढ़ि कोसिला अवधपुर धाम, बनवाँ भीजें मोरे लछमन राम ॥
झमकि झरी बरिसेले । पठवली बइरन० ॥५॥
भादों मेघवा गिरेले अपार, घर बइठले सगर संसार ।
बड़े बड़े बुँदिया बरसत नीर, भीजत होइहें श्री रघुबीर ॥
रयनि अँधिअरिया । पठवली० ॥६॥
अइले ए सखि ! मास कुआर । धरम करेला सगरो संसार ।

आजु जो होते अजोधिया में राम। नेवततीं बाम्हन देतीं दान।
भरि भरि थरिया मोती। पठवली० ॥७॥
कातिक मास सखि! आवेली दिवारी घर घर दिअवा लेसेली नर नारी।
मोर अजोधिया परल अँधियारी सब सखियाँ मिलि गंगा नहाली॥
रहीं अब कइसे? बन मोर बलका पठवली बइरनि केकई ॥८॥
अगहन करेलनि कुँअर सिंगार। सिआवहिं बसतर सोने के तार।
पाट पटम्मर कुलही के मानि। माथे चीरा जड़ल कलीदार॥
गरवा बैजन्ती के हार। पठवली बइरन केकई० ॥६॥
पूस मास सखि! परेला टुसार। रएनि चले जइसे खरग के धार।
बिनु ओढ़ना मोरे लछुमन राम। कलपे कोसिला अजोधियाधाम॥
कइसे करीं मोर जनम जरि गइले। पठवली० ॥१०॥
माघ मास रितु होखे बसन्त। सूत बिदेस तन तजि गइले कंत।
बइठल भरत डोलावसु चँवर, जो आजु होतें मोरा लछुमन राम॥
जनम के जोड़ी। पठवली ॥११॥
फागुन रंग खेलेले सब कोई। अइसन रितु मैं गववलीं रोई॥
बइठल भरत जी घोरें अबीर। का पर छिरकों बिना रघुवीर॥
देली दुख केकई। पठवली ॥१२॥

कौशल्या विलाप करती हैं :—

चैत मास में राम ने अयोध्या में जन्म लिया था। मैंने चन्दन से सारा राज भवन लिपवाया था। स्वर्ण कलश भरवा कर रखवाया था। हाय, कैकेयी बैरिन ने मेरे बालकों को बन भेज दिया ॥१॥

वैसाख में भीषण घाम होता है। ऐसी लूह चलती है जैसे आग बरस रही हो। जिस तरह जल के बिना मछली तड़पती है वैसे ही बन में बिना जल के राम लक्ष्मण प्यासे किस वृक्ष के नीचे तड़पते होंगे? हाय, कैकेयी बैरिन ने मुझे यह दुःख दिया। उसने मेरे बालकों को बन में भेज दिया ॥२॥

अरे, जेठ मास में लूह चल रही है। और राम और लक्ष्मण सीता के साथ बन में हैं। राम के चरण कमल समान कोमल हैं और पृथ्वी और आस-

मान दोनों अग्नि की तरह जल रहे हैं। हाय, राम किस तरह से चलते होंगे ? ओह ! कैकेयी बैरिन ने मेरे लड़कों को बन भेज दिया ॥३॥

आषाढ़ मास में मेघ जोर से गरजता है। चिड़ियाँ चहकती हैं और मोर बोलता है। पर हाय, मैं कौशल्या, इस अवधपुरी धाम में कलप रही हूँ ? हाय, मेरे लछमण राम वन में किस वृक्ष के नीचे भीगते होंगे। बैरिन कैकेयी ने मेरे बालकों को वन भेज दिया ॥४॥

सावन मास आकाश तीर साध साध कर पृथ्वी पर छोड़ रहा है। अर्थात् घोर मूसला धार पानी बरस रहा है। (पानी का भौंरा) पानी पर खूब गूँज रहा है और पृथ्वी पर सर्वत्र सर्पराज भ्रमण करते हैं। पर हाय, समय के इस दुर्दिन में राम को छोड़कर मैं कौशल्या यहाँ इस अयोध्या धाम में खड़ी हूँ और वन में मेरे राम लछमण भीग रहे हैं ? हाय, झम झम कर पानी बरस रहा है। बैरिन कैकेयी ने मेरे लड़कों को बन भेज दिया ॥५॥

भादों में अपार जल पड़ता है। सारा संसार अपने अपने घर में इस समय बैठा हुआ है। बड़ी बड़ी बूँदों में मेघ बरस रहा है। हाय, कहीं श्रीरामचन्द्र जी भीग रहे होंगे ? हाय, इस पर यह रात्रि कितनी अँधेरी है ? बैरिन कैकेयी ने मेरे पुत्रों को वन भेज दिया ॥६॥

हे सखी ? कुआर मास आया। इस मास में सारा संसार धर्म करता है। अगर आज राम अयोध्या में होते तो मैं भी ब्राह्मणों को निमंत्रण देती। और थाल भर भर कर मोती दान करती। हा ! कैकेयी बैरिन ने मेरे बच्चों को बन भेज दिया ॥७॥

हे सखी, कातिक मास में दीपावली आई। घर घर में नर नारी दीप जला रहे हैं। पर मेरी अयोध्या आज अँधेरी पड़ी हुई है। सब सखियाँ मिल जुलकर गंगा स्नान करतीं हैं। यह देख कर मन व्याकुल हो उठता है। हाय अब किस तरह से रहूँ ? बैरिन कैकेयी ने राम लछमण को वन भेज दिया ॥८॥

अगहन मास में कुंअर शृङ्गार करते हैं। स्वर्णतार जड़ित वस्त्र अर्थात् जरतारी के वस्त्र सिलाते हैं। पाट पाटम्बर ही कुल की मर्यादा है। अर्थात् जाड़े

में पाटपाटम्बर से कुल की मर्यादा ज्ञात होती है। माथ पर पगड़ी हो और शरीर पर कलीदार अंगा हो और गले में वैजयन्ती हार हो। पर हाय (हमारे यहाँ तो कोई पहनने वाला है ही नहीं) कैकेयी बैरिन ने बच्चों को बन में भेज दिया ॥९॥

हे सखी ! पूस मास में कड़ाके का जाड़ा पड़ता है। रात्रि में पश्चिमी पवन तलवार की धार ऐसा तेज और काटने वाला चलता है। मेरे लछमण और राम के पास कोई ओढ़ने का वस्त्र नहीं है। वे किस तरह इस जाड़े में रहते होंगे? अयोध्या धाम में कौशल्या यह सोच सोच कर दुखी हैं और कहती हैं हे सखी ! अब कौन उपाय करूं ? मेरा जीवन जल गया। बैरिन कैकेयी ने मेरे बच्चों को वन भेज दिया ॥१०॥

माघ मास बसन्त ऋतु का आगमन है। इसमें बसंत पंचमी मनाई जाती है। पर हमारा पुत्र तो विदेश में है और पति शरीर त्याग कर चल दिये। भरत जी बैठे बैठे (राम के खड़ाऊ पर) चँवर डुलाया करते हैं। हा ! आज जो मेरे लछमण और राम की जीवन भर एक साथ रहने वाली जोड़ी (अवध) में होती ? हाय, कैकेयी ने मेरे बालकों को वन में भेज दिया ॥११॥

फागुन मास में सब कोई रंग खेलता है। पर हा ! ऐसे ऋतु को मैं रो रोकर गवाँ रही हूँ ? भरत जी बैठे बैठे अबीर घोलते हैं और पूछते हैं कि बिना राम के मैं इसे किस पर डालूँ ? हा यह वज्र दुःख कैकेयी बैरिन ने राम लछमण को बन भेज कर दिया ॥१२॥

बारह-मासा गीत की उपक्रमणिका में पं० रामनरेश त्रिपाठी ने लिखा है कि "दिहात के लोग बारहमासा का गाना और सुनना बहुत पसन्द करते हैं क्योंकि एक साथ ही वे बारह महीनों के सुख दुःख का स्रोत देखने लगते हैं, और उसके साथ अपने अनुभव को मिलाकर एक नवीन सुख का रस लेने लगते हैं।" पण्डित जी का कथन अक्षरशः उपर्युक्त गीत को सुनते या पढ़ते समय चरितार्थ होता है। इसमें कितनी चुस्तगी और साथ ही स्वाभाविकता और रस परिपाक है। इस गीत को गाये जाते सुनने पर हृदय कैसा रस के साथ बहने लगता है यह सुनने वाला ही अनुभव कर सकता है।

(३)

आली हो, बिनु साम सुन्नर सो कल ना परे हो ॥
पहिल मास लगलें कातिक आन, बिरह बिथा तन लागेले बान ।
जिया मोरा तलफत निकसत प्रान, कवने विधि राखों पापी प्रान ०
से कल ना परे हो० ॥१॥
अइले हो सखि ! अगहन मास । का पर राखों जीवन आस ।
सूर स्याम बिन सून भइले धाम । बिनु पिया नीक न लागे काम ॥
से कल ना परे हो० ॥२॥
पूस मास पाला परेला टुसार । बिनु पिया जाड़ा जाइ ना हमार ।
लपटि केसे सोवों बिनु रघुवीर ! हनि हनि मोर करेजवा में तीर ॥
से कल ना परे हो० ॥३॥
माघ मास रितु लागे ला बसन्त ! आजुओ ना पवलीं पिया तोर अंत ॥
लिखीं कइसे पतिया के ले जाइ । के निरमोहिया के दिही समुझाइ ॥
से कल ना परे हो० ॥४॥
फागुन में सब घोरें अबीर । मैं कइसे घोरों बिना रघुबीर ।
जरत जइसे होरी उठत ओइ से लूक । बिरह अगिन तन दिहलें फूक ॥
से कल ना परे हो० ॥५॥
चइत मास बन फूलले फूल । हमारा बलमुआ गइले भूल ॥
ठाढ़ सरजू में मीजिले हाथ अइसन समैया पिया छोड़ले साथ ॥
से कल ना परे हो० ॥६॥
बइसाख मास गवना के बहार । दिन सब बीतेले ठाढ़े दुआर ॥
कब दोनीं अइहें न रहे मन धीर । रहि रहि उठेला करेजवा में पीर ॥
से कल ना परे हो० ॥७॥
जेठ मास बरसाइत होय । बर पूजे निकसी सखि सब कोय ।
हा ! सखि, कइके सोरहो सिंगार । मथवा के बेंदिया अजबबहार ॥
से कल ना परे हो० ॥८॥
अषाढ़ मास बड़ बरसत मेह । परले फफोरा सगरे देह ।

बिरह तन जरले लगले लूक । बरखा के फुहिया देले तन फूँक ॥
से कल ना परे हो० ॥९॥

सावन मास में हरिअर रूख । हमार कँवल गइले बिनु पिया सूख ॥
भूली भुलुहा कइसे बिनु रघुबीर । तलफ ला प्रान ना निकले तीर ॥
से कल ना परे हो० ॥१॥

भादों मास जल गरुअ गंभीर । हमरे नयन भरि अईले नीर ॥
जिया मोरा डूबे अवरू उतराय । नाव खेवैया परदेस में छाय ॥
से कल ना परे हो० ॥११॥

कुआर मास वन बोलेला मोर । उठु उठु गोरिया अइले बलमु तोर ॥
अइलनि पियवा पुजवलिन आस । एही से गवलीं बारह मास ॥
से कल ना० ॥१२॥

विरहिणी विलाप करती है । हे सखी ! विना श्याम सुन्दर के कल नहीं पड़ रहा है । उनके प्रस्थान करने के बाद पहला मास कार्तिक का आया । हे आली ! उसमें विरह व्यथा के बाण शरीर में वेधने लगे । इससे कल नहीं पड़ता । ॥१॥

हे सखी फिर अगहन मास आया । अपने इस जीवन को आशा किस पर रखूँ ? सूरदास कहते हैं कि श्याम के बिना वह स्थान सूना सा हो रहा है । बिना प्रिय के कोई काम अच्छा नहीं लगता । इस लिये हे सखी ! किसी तरह कल नहीं पड़ता । ॥२॥

पूस मास में पाला और तुषार पड़ रहा है । बिना प्रियतम के मेरा जाड़ा नहीं जा रहा है । बिना रघुवीर के किससे लिपट कर सोऊँ ? तान तान कर बाण कलेजे में मदन मार रहा है । इससे हे सखी कल नहीं पड़ता ॥३॥

माघ मास ऋतु राज है इसमें वसन्त आरम्भ होता है ।(वसंत पंचमी) हे प्रियतम ! पर आज भी तुम्हारा अंत मैं नहीं जान पाई मैं पत्र कैसे लिखूँ ? उसे कौन लेकर जायगा और कौन निर्मोही प्रियतम को समझा कर देगा ? सो हे सखी ! कल नहीं पड़ता ॥४॥

फागुन मास में सभी अबीर घोल रहे हैं । पर हाय ! बिना रघुवीर के मैं

अबीर कैसे घोलूँ ? होली की तरह जल रही हूँ ! भीतर लूह की तरह (विरह का झंझावात) उठ रहा है। हाय, विरहाग्नि ने मेरे शरीर को फूँक डाला। सो किसी तरह कल नहीं पड़ रहा है। ॥५॥

चैत मास में तमाम बन में फूल फूल रहे हैं। पर मेरे बालम इस मस्ती के मास में भी मुझे भूल गये। मैं खड़ी खड़ी सरयू में (चिन्तन करती हुई) हाथ मल रही हूँ। हाय ऐसे मस्ती के समय में प्रियतम ने साथ छोड़ दिया ! सो हे सखी किसी तरह कल नहीं पड़ता ॥६॥

वैशाख मास में सर्वत्र बधू ससुराल जा रही हैं। इसी की आज बहार है। पर मेरे सारे दिन प्रतीक्षा में दरवाजे पर खड़े खड़े बीत जाते हैं हा ! अब कौन ठिकाना है कि कब प्रियतम आवेंगे। अब मन में धैर्य भी तो नहीं रहा (कि आशा बनी रहे) रह रह कर हृदय पीड़ा उठ रही है। हे सखी सो कल नहीं पड़ रहा है। ॥७॥

आषाढ़ मास में मेघ बहुत बरसने लगा। सारे शरीर पर फफोले पड़ गये अर्थात् एक एक बूँद तप्त जल ऐसा शरीर पर लगता है और उससे सर्वत्र फफोले उठ गये हैं। हे सखी ! विरह ने लूह के ऐसा शरीर को भस्म कर दिया। इस वर्षा की फूहियाँ शान्ति देने के बजाय शरीर को ही फूँक रही हैं। सो कल पड़े तो कैसे पड़े ?।" ॥६॥

जेठ मास में तमाम वर गवना कराने के लिये आये हैं। वर पूजन के लिये सभी सखियाँ सोलहो श्रृङ्गार कर करके निकली हैं। उनके माथे पर वेंदी अजब शोभा देती है। सो हे सखी कल नहीं पड़ता, बिना श्याम सुन्दर के शान्ति नहीं मिलती ॥८॥

श्रावण मास में पेड़ हरे हो रहे हैं। पर मेरा कमल रूपी कलेजा प्रियतम के बिना सूख गया। मैं बिना रघुवीर के कैसे झूला झूलूँ ? मेरे प्राण तड़प रहे हैं पर मदन का तीर जो बिंध गया है निकल नहीं रहा है। सो कल नहीं पड़ रहा है। ॥१०॥

भादों का महीना बड़ा गम्भीर होता है। मेरी आँखों में आसू भर आये हैं। मेरे प्राण डूब और उतरा रहे हैं। मेरी नाव का खेने वाला विदेश में बसा

हुआ है। इससे कल नहीं पड़ रहा है।" ॥११॥

कुवार मास आया। वन में मोर बोलने लगे। हे गौरी, उठ देख तेरा पति आया है। प्रियतम आये। आशा पूरी हुई इसी से बारह मासा गा रही हूँ ॥१२॥

(४)

जेठ मास बाबा मोर बीअहलन असाढ़ बुनवा टपके ला रे।
सावन सैयाँ सेज सुतली भदउआँ देहि गरुआवेला रे ॥
कुआर में गरभ जनइलन कातिक देहिआ धमके ला रे।
अगहन पिआ सुनि पवलनि मनहीं मनवा हुलसे ला रे।
पूसवा में उठलो ना जाला बइठलो ना जाला रे ॥
मघवा बसन्त बनाई ला फागुन रंग घोरी ला रे ॥
चइत में बबुआ जनमले बइसाख त छठिया जे पूजी ला रे ॥

जेठ मास में मेरे पिता ने मेरा विवाह किया। आषाढ़ मास में बूंदे टपकने लगीं। श्रावण में पति की सेज पर सोई और भादों में देह भारी होने लगी। क्वार के महीने में गर्भ मालूम होने लगा। कार्तिक के महीने में कुछ कुछ ज्वर सा होने लगा। अगहन महीना में गर्भ की सूचना पति को मिली तो वे मन ही मन प्रसन्न होने लगे। पूस के महीने में उठना बैठना कठिन हो गया। माघ मास में वसन्त मनाया और फागुन में रंग घोल कर देवर के साथ होली खेली। चैत मास में बालक ने जन्म लिया और बैशाख में मैंने छठ व्रत किया।

(५)

कन्हैया नाहीं अइले, कन्हैया के ले आई।
सीतल चंदन अंग लगावति, कामिनि करत सिंगार।
जा दिन से मन मोहन बिछुरे, सनकै मास असार।
कन्हैया नाहीं० ॥१॥

एक त गोरिया अँगवा के पातरि, दुसरे पिया परदेस।
तिसरे मेह झमाझम बरसे, सावन अधिक अँदेस ॥
कन्हैया नाहीं अइले० ॥२॥

भादों रएनि भयावनि ऊधो, गरजे अवरू घहराय।
लवका लवके ठनका ठनके, छतिया दरद उठि जाय।
कन्हैया नाहीं अइले० ॥३॥

कुआरे कामिनि आस लगवली, जोहलीं पिया के बाट।
अबकी बेरि जो हरि मोर अइहें, हियरा के खुलिहें कपाट।
कन्हैया नाहीं अइले० ॥४॥

कातिक पूरनमासी ऊधो, सब सखि गंगा नहायँ।
हम अस अबला परम सुन्रिया, केहिके गोहनवाँ जायँ।
कन्हैया नाहीं अइले० ॥५॥

अगहन ठाढ़ी अँगनवा ऊधो, चहु दिसि उपजल धान।
पिया बिनु करकेला मोर करेजवा, तनवां से निकसत प्रान।
कन्हैया नाहीं अइले० ॥६॥

पूसहिं कुहिआ परि गइले ऊधो, भींजि गइले तन के चीर।
चकई चकवा बोली बोलेलनि, ओहि जमुना के तीर।
कन्हैया नाहीं अइले० ॥७॥

माघ कड़ाका जाड़ा ऊधो, सब सखी रुअवा भरावें।
हमरो बलमुआ परदेसवा छवले, पिया बिनु जाड़ न जावे।
कन्हैया नाहीं अइले० ॥८॥

फागुन फगुआ बीति गइल ऊधो, हरि नाहीं अइले मोर।
अबकी जब हरि मोर अइहैं, रंग खेलबि झकझोर।
कन्हैया नाहीं अइले० ॥९॥

चैत फूले बन टेसुल ऊधो, भवँरा पइठि रस लेइ।
का भँवरा तू लोटा पोटा, काहे दरद मोहि देइ॥
कन्हैया नाहीं अइले० ॥१०॥

बैसाख बाँस कटइतीं ऊधो, रचि रचि अटा छवइतीं।
तेहि चढ़ि सूततीं संग कन्हैया, अँचरन करितीं बयारि॥
कन्हैया नाहीं अइले० ॥११॥

जेठ तपे मृग डहिया ए ऊधो, धधके पवन हहराई।
अइले पियवा विदापति मिलले, जियरा के जरनि बुताई।
कन्हैया आजु० ॥१२॥

हे ऊधो जी, कृष्ण नहीं आये ? कृष्ण को लिवा लाइये।

कामिनि (अर्थात् राधा) शीतल चंदन अंग में लगाती हैं और तब शृङ्गार करती हैं ताकि शृंगार के करने से जो विरहाग्नि उत्पन्न हो वह शांत हो जाय (और शृङ्गार इसलिये करती हैं कि कृष्ण का स्मरण हो होकर विरहाग्नि प्रज्वलित हो। जिस दिन से मन मोहन बिछुड़े हैं उसी दिन से आषाढ़ महीना सनक गया अर्थात पागल हो गया है (खूब बरस रहा है।) कन्हैया नहीं आये उन्हें लिवा लाइये ॥१॥

एक तो गोरी योंही अंग की पतली है। दूसरे उसके प्रियतम परदेश में हैं। तीसरे झमाझम बादल बरस रहे हैं। सावन में उसके प्राण जाने का अधिक भय है। कन्हैया नहीं आये उन्हें लिवा लाइये ॥२॥

हे ऊधो जी भादों की भयानक रात गरजती है और घहराती है। बिजली चमकती है ठनका ठनकते हैं। मेरी छाती में पीड़ा उठ खड़ी होती है। कन्हैया नहीं आये। उन्हे लिवा लाइये ॥३॥

क्वार महीना में कामिनी आशा करके प्रियतम की बाट जोहती है। सोचती है कि इस बार जो मेरे प्रियतम आ जाँयगे तो मेरे हृदय के कपाट खुल जायँगे। पर हे उधव जी हरि नहीं आये। उनको लिवा लाइये ॥४॥

हे ऊधव, कार्तिक की पूर्णिमा को सब सखियाँ अपने अपने प्रियतम के साथ गंगा स्नान करती हैं। पर हाय, मैं परम सुन्दरी अबला किसके साथ स्नान करने जाऊँ ? कन्हैया नहीं आये उधव जी, जाइये उन्हें लिवा लाइये ॥५॥

अगहन महीना में मैं (प्रतीक्षा में) आँगन में खड़ी रहती हूँ। और चारों ओर धान के खेत लहलहा रहे हैं। हाय, प्रियतम के बिना मेरा कलेजा फटता जा रहा है। और शरीर से प्राण निकल रहे हैं। हे ऊधव कृष्ण नहीं आये। आप जाइये उन्हें लिवा लाइये ॥६॥

पूष में झींसी पड़ गयी। मेरे शरीर के वस्त्र भीग गये। और उधर

यमुना तीर चकवा चकई बोल रहे हैं। हे उधो कन्हैया नहीं आये जाकर लिवा लाइये ॥७॥

माघ महीना में कड़ाके का जाड़ा पड़ता है। सब सखियाँ रजाई में रुई भरा रही हैं। पर हमारे प्रियतम परदेश में जाकर बस रहे हैं। बिना उनके जाड़ नहीं जाता है। उधो जी कन्हैया नहीं आये जाकर लिवा आइये ॥८॥

हे ऊधो जी, फाल्गुन मास में फाग बीत गया, पर तब भी मेरे हरि नहीं आये। अबकी बार जो हमारे हरि आवेंगे तो खूब धूम धाम से रंग खेलूँगी। उधो जी हरि नहीं आये जाकर लिवा लाइये ॥९॥

हे उधो, चैत में टेसू (पलाश) वन वन में फूल रहा है। और भौंरे उन फूलों में पैठ पैठ कर रस पान कर रहे हैं। अरे मस्त भ्रमर तू पुष्प पराग से धूल धूसरित हो पृथ्वी पर क्या लोट पोट रहा है। अरे निष्ठुर मुझे क्यों प्रियतम का स्मरण करा करा कर हृदय में पीड़ा उत्पन्न कर रहा है। हे ऊधो कन्हैया नहीं आये। जाओ लिवा लाओ ॥१०॥

हे ऊधो बैसाख मास में (यदि प्रियतम पास होते तो) मैं बाँस कट वाती और छत पर रच रच कर सुन्दर छप्पर छवाती और उस अटारी पर उस छप्पर में कृष्ण जी के साथ सोती और अंचल डुला डुला कर उनको हवा करती। हे उधो कन्हैया नहीं आये, जाकर उन्हे लिवा लाओ ॥११॥

हे ऊधो, जेठ महीना में मृगदाह नक्षत्र अत्यन्त तपता है। बन की हवा हहरा हहरा कर बहती है। उस महीना में प्रियतम आये और विद्यापति कहते हैं कि विरहिणी से मिल गये और उसके हृदय की जलन मिट गयी ॥१२॥

(६)

भोर में कातिक परेला जाड़।
मोहि छोड़ि कन्ता भइले बनिजार ॥
मोना भुलवि हो ॥१॥
अगहन मास जे पहिली सनेह।
चलु गोरिया नैहर अपना गेह।

कन्त बिछोह दई दुख दीन्ह ॥
मोना झुलबि हो ॥२॥

पूस मास पिया बरत तोहार ।
मैं बरती पाचों अतवार ॥
नहाइ धोइ के दीहीं असीस ।
जीअहु कन्त तू लाख बरीस ॥
मोना झुलबि हो ॥४॥

माघ मास घन परेला तुसार ।
काँपे हाथ अवरु थर थर गात ॥
काँपहू सेज तुरंगहि खाट ।
मों नाहीं जइहों तू सब जाव ॥
मोना झुलबि हो ॥५॥

फागुन मास बहे फगुनी बयारि ।
तरवर पात सबहि झरि जाँय ॥
जो में जनितिउँ फगुनी बहार ।
हरि जी के रखितिउँ नैन छिपाय ॥
मोना झुलबि हो ॥५॥

चैत मास बन फूलते टेसु ।
गोरिया पठवली पिया के सनेसु ॥
सूनि सनेस पिया अजहूं न आय ।
ई दुनो नैना रोय गवाँय ॥
मोना झुलबि हो ॥६॥

बइसाख मास सब मंगल चार ।
अनिहनि गवना बिअहिहनि बारि ॥
छइहन माड़ो गइहन गीत ।
कन्त के पंथ जोहत मोहि बीत ॥
मोना झुलबि हो ॥७॥

जेठ मास बर साइत होय।
बर पूजन निकसीं सब लोय ॥
अँगुरी से अधरा कजरवा क रेख ;
फिरि फिरि कन्त मोर मुख देख ॥
मोना भुलवि हो ॥८॥

असाढ़ मास असाढ़ी जोग।
घर घर मंदिर सजें सब लोग ॥
चिरई चिरँगुल खोता लगाय।
हमरा बलमु परदेस में छाय ॥
मोना भुलवि हो ॥९॥

सावन मास सखि अधिक सनेह।
पिय बिनु भूलेउँ देह ओ गेह ॥
पहिरलीं कुसुमी उतरलीं चीर।
पिया बिनु सोहे न माँग सेनूर ॥
मोना भुलवि हो ॥१०॥

भादो मास जल गहिर गँभीर।
दामिनि दमके धारे न धीर ॥
ठनका ठनके मेह घहराय।
सेज छाड़ि धनी रोइ गवाँय ॥
मोना भुलवि हो ॥११॥

कुवार मास बन बोलेला मोर।
आउ आउ गोरिया बलमु अइले तोर ॥
अइले बलमुआ पुजली आस ॥
पूरल 'विदापति' बारह मास ॥
मोना भुलवि हो ॥१२॥

अर्थ सरल है। यह गीत विशुद्ध भोजपुरी रूप में न लिख कर पंडित रामनरेश त्रिपाठी जी ने अपनी कविता कौमुदी में हिन्दी मिश्रित भाषा का

प्रयोग किया है। सम्भव है वह उन्हें वैसा ही मिला हो और युक्त प्रांत के मध्य के किसी जिले से यह उन्हें मिला हो जहाँ इसका विकृत रूप वैसा हो गया हो। त्रिपाठी जी इसे मैथिल कोकिल 'विद्यापति' जी द्वारा प्रणीत नहीं मानते। इसका प्रमाण भी नहीं देते। पर विद्यापति जी के कई अन्य गाने भी मुझे भोजपुरी के मिले हैं। और विद्यापति जी का भोजपुरी भाषी प्रदेश में रहना भी सिद्ध है। इससे भोजपुरी में उनका कहना स्वाभाविक ही मालूम होता है खास कर तब जब सूर और मीरा के गीत जो भोजपुर प्रान्त से सुदूर के थे मिलते हैं। विद्यापति जी तो मिथिला में रहते थे काव्य भी उनका मैथिली में है जो भोजपुरी की सगी बहन है।

(७)

प्रथम मास असार् ह हे सखि ! साजि चलेला जलधार हो ॥
उमड़ि घुमड़ि मेह बरसन लागे भीजि गइली लामी केस हो ॥
एहि प्रीति कारन सेत बान्हल सिया उदेसे श्रीराम हो ॥१॥
सावन हे सखि ! सब्द सुहावन रिमिझिम बरसेले बूँद हो ॥
सब के बलमुआ रामा घर घुमि अइले हमरो बलमु परदेस हो ॥
एहि प्रीति कारन सेतु० ॥२॥
भादो हे सखि ! रएनि भयावनि दूजे अन्हरिया राति हो।
मलकाजे मारे रामा ठनका जे ठनके, सेहु देखि जिअरा डेराय हो ॥
एहि प्रीति कारन सेतु० ॥३॥
आसिन हे सखि ! आस लगवलीं आस न पूरले हमार हो।
आस जे पूरले रामा कुबरी सवति केरा जिनके त राखेली लोभाय हो ॥
एहि प्रीति कारन सेतु० ॥४॥
कातिक हे सखि ! पूरन महीना सब करें गंगा असनान हो ॥
सब सखि पहिने रामा पट हे पितम्बर हम धनि गुदरी पूरान हो ॥
एहि प्रीति कारन सेतु० ॥६॥
अगहन हे सखि ! अंग सोहावन चहुं दिसि उपजल धान हो ॥

चकवा चकइया रामा केलि करतु हैं से देखि जिया हुलसाय हो ॥
एहि प्रीति कारन सेतु० ॥६॥

पूस हे सखि ! ओस परि गइली भीजि गइली लामी केस हो ॥
चोलिया जे भीजे रामा काट कटरवा केरा जोबन भीजेला अनमोल हो ॥
एहि प्रीति कारन सेतु० ॥७॥

माघ हे सखि ! आए बसन्त ऋतु ओरहि गइली जाड़ अब सेस हो ॥
सब सखि सूते रामा-अपना बलमू संगे हमरा बलमू परदेस हो ॥
एहि प्रीति कारन सेतु० ॥८॥

हे सखी ! प्रथम मास आषाढ़ में जल की धारें सज सज कर बह रही हैं। उमड़ घुमड़ करके मेह बरसने लगे और मेरे लम्बे लम्बे केश भीग गये। हे सखी, इसी प्रेम के कारण श्रीरामचन्द्र जी ने समुद्र में सेतु बाँधा था ॥१॥

हे सखी ! सावन महीना में रिमझिम रिमझिम मेघ बरसता है। इस मास का शब्द सुहावना है। हे राम, सब किसी के प्रियतम परदेश से घूमकर घर चले आए पर मेरे बालम अभी तक परदेश में पड़े हैं ॥ इसी प्रेम के कारण श्रीरामचन्द्र जी ने सीता के उद्देश से समुद्र में पुल बाँधा था ॥२॥

भादों महीना में, हे सखी, ऐसे ही निशा भयावनी होती है फिर ऊपर से यह अँधियारी और हृदय कंपा रही है। अरे राम ! मेरी आँखें कैसी चमक उठती हैं जैसे यह बिजली गरजती और चमकती है। इसको देख देख हृदय कैसा डर जाता है। इसी प्रेम के कारण रामचन्द्र जी ने सीता को प्राप्त करने के उद्देश से समुद्र में सेतु बांधा था ॥३॥

आश्विन महीना में, हे सखी ! आशा थी प्रियतम मिलेंगे। पर वह मेरी आशा पूरी नहीं हुई। परन्तु कूबरी सौत की आशा अवश्य पूरी हुई जिसने मेरे कंत को लुभा रखा है। इसी प्रेम के कारण हे सखी ! रामचन्द्र ने सीता को प्राप्त करने के लिए समुद्र में सेतु बाँधा था ॥४॥

हे सखि ! कार्तिक मास पूर्ण महीना है। सब सखियां गंगा स्नान करती हैं सब साथी रेशमी वस्त्र पहन रहीं है पर हा मैं पुरानी गूदरी पहने हूँ। इसी प्रेम के लिए श्री रामचन्द्र जी ने सीता के लिए समुद्र में सेतु बांधा था ॥५॥

अगहन मास है सखि आगे ही से सुहावना मालूम हो रहा है। चारों ओर धान उपजा हुआ है। चकवा चकई केलि कर रहे हैं। उसको देखकर हृदय हुलसा करता है। इसी प्रीति के लिए रामचन्द्रजी ने समुद्र में पुल बाँधा था ॥६॥

पूस में हे सखि। ओस पड़ने लगी। उससे मेरे लम्बे लम्बे केश भीग गये और विभिन्न काट कटाव की मेरी चोली भी भीगने लगी तथा भीगने लगे मेरे अनमोल जोबन। इसी प्रीति के लिये श्रीरामचन्द्रजी ने सेतु, सीता के उद्देश से बांधा था ॥७॥

माघ महीना में, हे सखि, बसन्त का शुभागमन् हुआ और जाड़े के दिन भी इसी साथ समाप्त हुए। सब सखियां अपने प्रियतम के साथ सो रही हैं पर हमारे प्यारे बालम ! विदेश में पड़े हैं। इसी प्रीति के लिए हे सखि ! श्रीरामचन्द्र जी ने समुद्र में सेतु बाँधा था ॥८॥

इस गीत के अन्त के शेष चार मासों के वर्णन वाले चरण नहीं मिले। हजारीबाग जेल में यह गीत हजारी बाग के एक वालंटिअर से प्राप्त हुआ था। शेष चरण उसे स्मरण नहीं थे। पर इस गीत की पदावली और चन्द क्रियाओं के प्रयोग जैसे 'गइलो अइलो' इत्यादि से इस गीत के कर्ता विद्यापति जी मालूम होते हैं।

(८)

एहि पार गंगा राम ओहि पार जमुना, बीचे कदमिया के गाँछ जी ॥
ओहि गाँछ ऊपर कागा बोले, बोले बिरहिया के बोल जी ॥१॥
गाई के गोबर पिअरी माटी, सीता जे महल लिपावहीं ॥
ओही महल भीतर सासु सोवें, बहुअरि बेनिया डोलावहीं ॥२॥
सासु ! हो दुख कैसे कहों, राऊर बेटा परदेस जी ॥
खरच मागत तड़पि बोले, बोले बिरहिया के बोल जी ॥३॥
गाई के गोबर पीअरी माटी, सीता जे महल लिपावहीं ॥
ओही महल भीतर गोतिनी सोवे, बहुअरि बेनिया डोलावहीं ॥४॥
गोतिनी ! हो दुःख कैसे कहों, राऊर देवर परदेस जी ॥

खरच मागत तड़पि बोले, बोले बिरहिया के बोल जी ॥५॥
गाई के गोबर पीअरी माटी, सीता जे महल लिपावहीं ॥
ओही महल भीतर ननद सोवें, बहुअरि बेनिया डोलावहीं ॥६॥
ननदी हो दुख कासे कहौं, राउर भइया परदेस जी ॥
खरच मागत तड़पि बोले, बोले बिरहिया के बोल जी ॥७॥

हे राम, इस पार गंगा और उस पार यमुना हैं और बीच में कदम्ब का पेड़ है। उसी कदम्ब के वृक्ष पर काग विरह की बोली बोल रहा है ॥१॥

गाय के गोबर और मिट्टी से सीता का महल लीपा गया है और उसी महल के भीतर सास शयन करती हैं और बहू उनको पंखा झल रही है। पंखा झलते झलते उसने कहा, 'हे सास ! मैं अपना दुख किससे कहूँ ? आपका पुत्र परदेश है। जब मैं अपने लिये खरचा माँगती हूँ तो डाँट कर जवाब दे देता है और ऊपर से यह काग विरह की बोली बोल रहा है ॥२,३॥

पर इस पर सास ने जब कुछ ध्यान नहीं दिया तब बहू ने इसी तरह (४ से ७ तक के चरणों में) आँगन महल लीप कर जेठानी से तथा ननद से क्रम से यही बातें पंखा झल कर कहा पर किसी ने कुछ सुनवाई नहीं की। इस गीत से पता चलता है कि नवागता बहू का सम्मिलित परिवार में पति के विदेश रहने पर कितना दुख पूर्ण जीवन बीतता है। घर भर की सेवा करना, खाना पीना भी वैसे ही और ऊपर से दो पैसे हाथ पर भी नहीं मिलते कि कुछ अपना निजी काम चले। विरह कष्ट इसके अलावे सताता रहता है।

(९)

एहि पार गंगा रामा ओहि पार जमुना, बीचे कदम केरा गाछ जी ॥
गाछ ऊपर कागा बोले बोले बिरहिया के बोल जी ॥१॥
चिलमा चढ़वइत रामा जरली चिटुकिया, जरि गइले कवल करेज रे ॥
कागा हो तोके दूध भात देबों, सोनवा मढ़इबों दूनो ठोर रे ॥२॥
जाइ के बोलहु कागा पिया जी के देसवा, बोल बिरहिया के बोल जी ॥
सावन कंत बिदेस छवले, कइसे के धारे धनिया धीर जी ॥३॥

विरहिणी भोजन कर के चिलम चढ़ा रही थी कि इसी बीच काग बोल

उठा। उसे पति स्मरण हो आया और चुटकी जल गयी। साथ ही कलेजा भी विरह अग्नि से झुलस उठा। वह विलाप करने लगी।

इस पार गंगा हैं और उस पार यमुना बह रही हैं। बीच में कदम्ब का एक पेड़ है। उस वृक्ष पर काग विरह की बोली बोल रहा है। (उस बोली को सुनकर) चिलम चढ़ाते चढ़ाते मेरी चुटकी जल गयी और जल गया कमल रूपी कलेजा। हे काग, मैं तुमको दूध भात दूँगी और तुम्हारे दोनों ठोर सोने से मढ़वा दूँगी। तुम पिया के देश जाकर बोलो और यही विरह की बोली बोलो। कहना कि सावन के महीने में कन्त विदेश छाये हैं उनकी स्त्री किस तरह धैर्य धारण करे ?

कितनी सुन्दर विरह व्यथा कही गयी है। इसको जब सावन मास में झूले पर स्त्रियाँ उच्च स्वर में हृदय के आवेग के साथ गाती हैं तो हृदय में विरहिणी और उसकी वेदना के रूप सामने खड़े हो जाते हैं। इस गीत को मैं ने अपनी पूजनीया माता जी से झूला पर अपनी आठ दश वर्ष की अवस्था में सुना है। उस समय माता जी जब अन्य स्त्रियों के साथ चलते झूले पर पञ्चम स्वर में इसे गाती थीं तो भी इसके स्वर ने मेरे हृदय में जैसी मीठी चोट की थी वह आज भी मुझे स्मरण है। गीत कुछ लम्बा है पर मुझे इतना ही स्मरण था। पाठक इतने ही से सन्तोष करें इसमें भी अन्य बारहमासे के समान बारहोमास का वर्णन अवश्य रहा होगा।

(१०)

बहेले बयारि पुरवइया ये सजनी कइसिन सुनुगेला आगि जी।
चिलम चढ़वइत जरली चुटुकिया जरि गइले कवल करेज जी ॥१॥
आगि लगावों रामा कोइरी कोइरिया जरिजा तमकुआ के खेत जी,
चिलमा चढ़वइत जरली चुटुकिया, जरि गइले कँवल करेज जी ॥२॥
केई कहेला बेटी नित उठि बोलइबों केई कहेला छव मास जी।
केई कहेला बहिनी काजे परोजवें, केई कहेला दुरि जाहु जी ॥३॥
अम्मा कहेली बेटी नित उठि बोलइबों, बाबा कहेले छव मास जी।
भइया कहेले बहिनी काजे परोजवें, भउजी कहेली दुरि जाहु जी ॥४॥

किया तोर भउजी रे नून तेल ढरलों, किया रे कोठिलवा पेहान जी।
किया तोर भउजी रे भैया लाई जोरलों काहे कहेलू दूरि जाहु जी ॥५॥
नाहीं मोर ननदी नून तेल ढरलू नाही रे कोठिलवा पेहान जी।
नाहीं मोर ननदी भइया लाई जोरलू, ओठवे कारन दूरि जाहु जी ॥६॥
केई जे देला राम अन धन सोनवा, केई जे लहरा पटोर जी।
केई जे देला रामा चढ़न के घोड़वा, केई महुरवा के गाँठि जी ॥७॥
अम्मा जे देलो राम अन धन सोनवाँ, बाबा जे लहरा पटोर जी।
भइया देलें रामा चढ़न के घोड़वा, भउजी महुरवा के गाँठ जी ॥८॥
अम्मा के सोनवा राम उठि पठि जइहें, फाटि जइहें लहरा पटोर जी।
भइया जे घोड़वा रामा नगर कुदइहें, भउजी अपजश हाथ जी ॥९॥

पूर्वी हवा बह रही है। हे सखी! उपली में धीरे धीरे आग सुलग रही है। चिलम चढ़ाते हुए मेरी चुटकी जल गयी। अर्थात् पूर्वा पवन के बहने से प्रियतम का ध्यान हो आया जिससे चुटकी जल गयी, साथ ही विरह ताप से कलेजा भी जल गया। हे राम, कोइरी (मुराई) कोड़ार (तरकारी बोनेवाला खेत) में आग लगे, और उसके तम्बाकू के खेत जल जायँ जिसके कारण चिलम चढ़ाते समय मेरी चुटकी जल गयी। और जल गया विरह व्यथा से कमल समान मेरा हृदय ॥१,२॥

कौन कहता है कि मैं कन्या को नित्य ही बुलाऊँगा और छः मास पर उसे बुलाने की बात कौन कहता है? और कौन ऐसा कहता है कि बहन को काज परोजन पर ही बुलाऊँगा और कौन यह कहता है कि नहीं उसे दूर ही रहने दो? ॥३॥

मेरी मा कहती हैं कि बेटी को नित्य ही बुलाऊँगी। पिता जी कहते हैं कि नहीं उसे छठे छमास बुला लिया करूँगा। पर मेरे भाई जी कहते हैं कि हे बहन मैं तुम्हें त्योहारों पर बुला लिया करूँगा। और भावज कहती है कि नहीं तुम दूर हो जाओ ॥४॥

ननद ने भावज से कहा—हे भावज, मैंने आप का क्या नमक तेल चुराया था आपके भंडार की देहरी खोलकर अन्न निकाला अथवा आप के स्वामी

से मैंने कभी आप की शिकायत की जो आप मुझे दूर जाने के लिए कह रही हैं? ॥५॥

भावज ने कहा, हे ननद तुमने नमक तेल नहीं निकाला, न देहरी से अन्न ही चुराया और न अपने भाई से मेरी शिकायत ही कभी की। मैं तुमको केवल तुम्हारी कड़ी जबान के कारण ही दूर जाने के लिए कह रही हूँ ॥६॥

मुझको किसने अन्न धन और स्वर्ण दिये? किसने सम्पत्ति सौभाग्य की वस्तु और रेशमी वस्त्र दिये? किसने चढ़नेको घोड़ा दिया और किसने विष की गांठ बाँधकर साथ भेजा? ॥७॥

मा ने अन्न धन और स्वर्ण दिये। पिता ने लहरा पटोर दिया। भाई ने चढ़ने के लिये घोड़ा दिया और भावज ने विष की गाँठ दी। मा का सोना खर्च हो जायगा, लहरा पटोर भी फट जायगा और भ्राता के दिये हुये घोड़े को प्रियतम चढ़कर नगर में कुदावेंगे; पर भावज जी के हाथ केवल अपयश ही रह जायगा क्योंकि उसकी विष की गाँठ मेरा प्राणान्त करेगी ॥८,९॥

(११)

असों के सवना सइआँ घरे रहु, घरे रहीं ननदी के भाय ॥
साँप छोड़े ला साँप केचुल हो, गंगा छोड़ेली अरार।
रजवा छोड़े ला गृह आपन हो, घरे रहीं ननदी के भाय ॥१॥
घोड़वा के देबों महेलवा त हथिया लवँगिया के डार।
रउरा के प्रभु देबों घीव खीचड़िया, घरे रहीं ननदी के भाय ॥२॥
नाहीं घोड़ा खइहें महेलवा, हाथी ना लवँगिया के डाढ़ि ॥
नाहीं हम खइबों घीव खिचड़िया, नैया बरधी लदबों बिदेस ॥३॥
नैया बहि जइहें मँझधरवा, बरधि चोर लेइ जइहें रे।
तोहिं प्रभु मरिहें घटवरवा, घरे रहीं ननदी के भाय ॥४॥
नैया मोर जइहें धीरहिं धीरे, बरधी न चोर लेइ जइहें रे।
तोहिं धनि बेचबों मुगलवा हाथे करबों में दूसर बिआह ॥५॥

हे स्वामी, हे मेरी ननद के भाई, इस वर्ष के सावन में आप घर पर ही

रहो। अरे साँप अपना केंचुल छोड़ रहा है, गंगा अपना किनारा छोड़ रही हैं हे राजा, आप अपना गृह छोड़ रहे हैं ? अरे ननद जी के भाई आप इस सावन में घर रहें। मैं आपके घोड़े को महेला खिलाऊँगी, हाथी को लवँग की डाल कटवा कर खाने को दूंगी। और हे मेरे प्रभु आपको घी और खिचड़ी भोजने के लिए दूंगी। हे ननद जी के भाई घर ही पर रहिये (विदेश न जाइये) ॥१,२॥

स्वामी ने कहा, हमारे हाथी लवँग की डार नहीं खायेंगे। घोड़ों को महेला नहीं रुचेगा और मुझे भी घी खिचड़ी पसन्द नहीं। मैं नाव और बरधी विदेश के लिए लादूंगा ॥३॥

स्त्री ने कहा, आपकी नाव गंगा की भीषण बीच धार में बह जायगी। बरसात में बरधी को चोर चुरा लेंगे और हे प्रभु, आपको भी घटवार (घाट पर रहने वाले मल्लाह चोर) मार डालेंगे। इसलिये इस सावन में आप घर रहें ॥४॥

पति ने कहा, अरे मेरी नाव धीरे धीरे जायगी और बरधी को चोर नहीं चुराने पावेंगे। हे धनि, मैं तुमको मुगल के हाथ बेच दूंगा और अपना दूसरा व्याह करूँगा ॥५॥

निष्ठुर व्यवसायी पति ने अपनी स्त्री की एक बात न सुनी बल्कि अन्त में उसे बेचकर दूसरा विवाह करने का भी भय दिखाया। जान पड़ता है कभी प्रचुर धन देकर मुगल स्त्रियों को खरीदते भी थे।

(१२)

एही देसवा मोर जनम बीति गइलो, केहु नाहीं लावे पिया के
खबरिया। सन्तो हो ॥

आइल मास असाढ़ आस मोरा लागल रे की।
गगन घटा मेघ बरीसन लगले भींजि गइली चुनरी बिरह उर जागे ॥
सन्तो हो ॥ यही देसवा० ॥२॥
सावन सुरतिया लगवलीं पिया के कइसे पाइबि रे की।

भादवँ मास रएनि अँधिआरी, गुरु बिना भ्रम लागल उर भारी ।
सन्तो हो । यही देसवा० ॥२॥
कब मिलिहैं पति मोर नयन भरि देखबि रे की ।
कवन जतनिया हम लाईं ए सजनी, आसिन मास बीति गइली रजनी ॥
सन्तो हो० । यही देसवा० ॥३॥
फूल कमल कुम्भिलइले भँवरवा डरि भागल रे की ।
विरहा लागि सखी भीजे अँगिया कासे कहां केहू न पूछे बतियाँ ।
सन्तो हो । यही देसवा० ॥४॥
कन्ता रहे परदेस कातिक निअराइल रे की ।
भरि भरि नीर नयन भरि आवे, सब सुख सखी मोरा मनहुँ न भावे ।
सन्तो हो । यही देसवा० ॥५॥

इसी देश में मेरा जीवन बीत गया । कोई प्रियतम का सन्देश नहीं लाता ।

आषाढ़ का महीना आया । मेरी आशा प्रियतम मिलने की लगी थी । गगन मंडल में घटा उमड़ आई । मेघ बरसने लगे । मेरी चूनर भीग गई । हृदय में विरहाग्नि उत्पन्न हो गई । हे सन्तो कोई प्रिय का सन्देश नहीं लाता । इसी देश में मेरा जीवन बीत गया ॥१॥

सावन में ध्यान लगाये थी कि अपने प्रियतम को अवश्य पाऊँगी । भादों के महीना में भयानक अँधेरी रात में मार्ग प्रदर्षक गुरु के बिना हृदय में बड़ा भ्रम उठ रहा था । हे सन्तो इसी देश में आयु बीती चली जा रही है कोई प्रियतम का सन्देश नहीं लाता ॥२॥

हा ! मेरे प्रियतम मुझे कब मिलेंगे ? मैं कब उनको आँख भर कर देखूँगी ? हे सखी ! मैं कौन यत्न करूँ ? आश्विन मास की रजनी भी तो ऐसे ही बीत गयी । हा ! इसी देश में मेरा जीवन बीत गया । हे सन्तो ! कोई प्रियतम का सन्देश नहीं लाता ॥३॥

कमल का फूल कुम्भला गया । भँवरा डर कर भाग गया । विरह लगने से अँगिया भीग रही है । हाय, मैं किससे विरह व्यथा कहूँ ? मेरी बात कोई

नहीं पूछता ? हा ! इसी देश में जीवन बीत गया, कोई प्रियतम का सन्देश नहीं देता ॥४॥

कातिक निकट आ गया। प्रियतम अभी तक परदेश ही में हैं। आखों में रह रह कर नीर भर आते हैं। हे सखी सब सुख है पर एक भी मेरे मन को नहीं भाता। हे सन्तो ! कोई प्रियतम का सन्देश नहीं लाता। मेरा जीवन इसी देश में बीत गया ॥५॥

इस गीत के भी सात मास के सात चरण मुझे नहीं मिले। उनमें अवश्य कबीर साहब का नाम होगा। यह उन्हीं की रचना ज्ञात होती है।

(१३)

कवन उपाय करों मोरी आली स्याम भइले कूबरी बस जाई ॥
चइत मास मोंहि मदन सतावे बइसाख दैव दुखदाई,
जेठ मास तन तपत घाम में कह वृष भान दुलारी ॥१॥
कवन उपाय करों० ॥
चढ़त असाढ़ नभ घेरि अइले बदरा, सावन मास बहे पुरवाई।
भादों अगम डगरिया ना सूझै, जल से भरि गइले ताल तलाई ॥२॥
आसिन मास सरद रितु आइल, कातिक में सखी लेली रजाई।
अगहन अधिक कलेस स्याम बिनु, नैहर से हम सासुर आई ॥३॥
पूस मास सखि परत तुसारी, माघ पिया बिनु जाड़ न जाई।
फागुन का संग रंग हम खेलबि, सूर स्याम बिना जदुराई ॥४॥ कवन०

अर्थ साफ और सरल है।

(१४)

मास अषाढ़ गगन घन गरजे ले, सब सखि छान्हि छवाई।
हम बऊरी पिया विनु डोलउँ, सूने मंदिल बिनु साईं ॥१॥
सावन मेघ बरसे मोरी सजनी, कोइलि कुहुक सुनाई।
हम बऊरइलीं पिया बिनु व्याकुल, तलफत रएन बिताई ॥२॥
भादँव गरुअ गँभीर सखी हो, करिया घटा नभ छाई।
चमकेला बिजुली घोर घन गरजे, सूनी सेज पिया नाहीं ॥३॥

कुआर मास सब हिलि मिलि सखियाँ, झूले माँगन आईं।
हमरे बलमु परदेस बिलमि रहले, उन बिना कुछु ना सोहाई ॥४॥
कातिक घर घर सब सखि मिलि के रचि रचि भवन बनाई।
हम पापिन प्रीतम बिना सजनी, रोइ रोइ दिनवाँ बिताई ॥५॥
अगहन अगम सनेह सबे सखी, पिया सँगे गवना जाई।
देखि देखि मोरा बिहरेला करेजवा, पिया बिना जिया अकुलाई ॥६॥
पूस मास परदेस पिअरवा, आवन के सुधि नाहीं।
काइ करी कत जाईं सखी हो, कवन बैरनि बिलमाई ॥७॥
माघ टुसार परे लगले सजनी, कन्ता ना पाती पठाई।
अइसन निपट कठोर पिअरवा, निपटे सुधि बिसराई ॥८॥
फागुन मास आस सब टूटल, जोगिन बनि के धाई।
गएब नगरिया के गलियन गलियन, पिया पिया सोर मचाई ॥९॥
चइत चित्त चिन्ता अति बाढ़ल, तन मन भसम चढ़ाई।
निस बासर हम राह जोहत रहीं, नयनन नीर झरि लाई ॥१०॥
बइसाख मास बंसी धुनि सजनी, मन कत तलफ मचाई।
बिरह सरपवा डसेला मोरे हियरा, तन मन सब बउराई ॥११॥
जेठहिं जब ई गति भइल सजनी, निरखि परल एक झाईं।
सुनवा मँदिल एक मूरति दरसल, देखते जियरा जुड़ाई ॥

आषाढ़ मास में गगन में घन गरजने लगे और सब सखियाँ अपना अपना छप्पर छवाने लगीं। परन्तु हा! मैं पगली प्रियतम के बिना पागल बनी इधर उधर डोलती फिरी। मेरा मंदिर बिना साँई के शून्य पड़ा रहा ॥१॥

अरी सजनी! इस श्रावण मास में मेघ जोर जोर से बरसने लगा और उसी में कोयल अपनी कूक भी सुनाने लगी। मैं प्रियतम के बिना व्याकुल होकर पागल बन गयी। और तलफ तलफ कर तप तप करके रात बिताने लगी ॥२॥

हे सखी! यह भादों मास गम्भीर और बोझ सा मालूम हो रहा है। तमाम आकाश में काले काले बादल छा रहे हैं। बिजली चमकती है और घनी

घटा गर्जन कर रही है । पर हा ! मेरे प्रियतम नहीं हैं । मेरी सेज सूनी है ॥३॥

इस कुआर मास में सब सखियाँ हिल मिल करके झूला मेरे पास माँगने के लिये आईं । पर हा ! मेरे बालम तो परदेश में बिलम रहे । उनके बिना मुझे कुछ भी नहीं सुहाता है ॥४॥

कार्तिक मास में सब सखियाँ मिल मिल करके अपना अपना घर लीप पोत कर (दिवाली के लिये) सुन्दर बना रही हैं । लेकिन सखी ! मैं पापिन प्रियतम के बिना रो रोकर दिवस बिता रही हूँ ॥५॥

इस अगहन मास में सभी सखियों के मन में पहले से प्रेम उमड़ा हुआ है । सब अपने अपने प्रियतम के साथ गवन जा रही हैं । यह देख देख कर अरे मेरे भीतर से विरह उमड़ रहा है प्रिय के बिना हृदय अकुला उठा है ॥६॥

इस पूस मास में भी प्यारा परदेश ही में रहा । घर आने का मानो उसे कोई विचार ही नहीं हो रहा है । हे सखी ! अब मैं क्या करूँ ? कहाँ जाऊँ ? किस बैरिन ने मेरे प्रियतम को बिलमा लिया ? ॥७॥

हे सजनी ! इस माघ में तो तुषार गिरने लगा और कन्त ने एक पाती तक नहीं भेजा ? हा ! ऐसा अत्यन्त कठोर प्यारा है कि उसने मेरी सुधि बिलकुल ही भुला दी ॥८॥

हा ! इस फागुन मास में मेरी सभी आशायें टूट गईं । निराशा में योगिन का रूप धारण करके सर्वत्र दौड़ने लगी और अपरिचित नगर की गली गली पिया पिया का शोर मचाने लगी ॥९॥

इस चैत मास में प्रिय मिलन की चिन्ता इतनी बढ़ी कि मैंने शरीर और मन दोनों पर भस्म चढ़ाया और रातों दिन प्रियतम के आने की प्रतीक्षा में नेत्रों से आंसू की झड़ी लगाये रही ॥१०॥

इस बैशाख मास में हे सखी ! प्रियतम की वंशी की धुनि की स्मृति ने मन में कितनी तड़पन उत्पन्न कर दी । हा ! विरह रूपी सर्प ने मेरे हृदय को डँस दिया । अब मेरा तन और मन बुद्धि हीन होकर नितान्त उन्मत्त हो गया ॥११॥

हे सजनी ! जेठ मास में जब मेरी ऐसी दयनीय दशा हो गई तब प्रियतम की एक छाया सी झलक पड़ी। और ---- ने शून्य मन्दिर में एक मूर्ति का दर्शन मिला। अहा ! उसे देखते ही जीव को शान्ति मिल गई ॥१२॥

पलटू दास जी का परिचय उनके सोहरों के उदाहरण के साथ दिया जा चुका है। प्रस्तुत बारह मासा उन्हीं का रचा है। इसमें कितने सुन्दर रूप से उन्होंने ईश्वर मिलन की गाथा गाई है। जब इतनी तल्लीनता हो तब कहीं ईश्वर की झलक मिले। अनुभूति कितनी सत्य और स्वाभाविक रूप से प्रगट हुई है। छायावाद का कितना सुन्दर नमूना है। यह गीत पलटू दास के प्रकाशित संग्रह में भी छपा है। पाठ भेद कुछ अवश्य है।

(१५)

सखी ! मोरे पिया के खबरिया ना आइल हो।
चारि बेद के टाट बिछावल, तेहि पर कीने दुकनियाँ हो।
सत सेर मन परेम तरजुई, नाम के मारी ला टेनियाँ हो ॥१॥
सुरति सबद कइ बरधि लदाइला, ज्ञान के लादीं लदनियाँ हो।
सहर जलाल पुर मूड़ मुँडवली, अवध तोरलीं कर धनियाँ हो।
पलटू दास सत गुरू बलिहारी, पवलीं भगति अमनियाँ हो ॥२॥

अरी सखी ! आज तक मेरे प्रियतम की कोई खबर नहीं आई। चार वेदों का जो टाट (बिछावन विशेष) बिछा है उस पर आज तक मैं दुकान छानती चली आई और इस दुकानदारी में सत्य के सेर और मन के तराजू का प्रयोग कर प्रियतम के नाम की रट की टेनी (तौलते समय जो उँगली से दबा कर दुकानदार तराजू की डंडी को वजन में कम सामग्री तौलने के अभिप्राय से एक ओर दबा देता है उसी को भोजपुरी में टेनी मारना कहते हैं) भी खूब मारती रही ॥१॥

हे सखी ! आज तक सुरति और शब्द (अनहद शब्द) की बरधी लादती रही और ज्ञान का व्यापार करती रही। जलालपुर शहर में मैंने मूँड़ मुड़ाया और अवध (अयोध्या) में अपनी करधनी तोड़ी। पलटू दास कहते हैं कि सत गुरु की बलिहारी है कि जिनकी कृपा से प्रीतम की अमनियाँ (मौज करके खूब

साँफ किये गये बर्तन या किसी वस्तु को अमनियाँ किया हुआ कहते हैं। उसी अर्थ में अमनियाँ का यहाँ भक्ति के साथ प्रयोग हुआ है) भक्ति अर्थात् निर्मल स्वच्छ भक्ति मिल गई। कितना सुन्दर अध्यात्म पक्ष में विरह वर्णन है।

अलचारी

'अलचारी' शब्द लाचारी का अपभ्रंश है। लाचारी का अर्थ विवशता आजिज़ी है। उर्दू शायरी में आजिज़ी पर खूब ग़जलें कही गयी हैं और आज भी कही जाती हैं। वास्तव में पहले पहल भोजपुरी में अलचारी गीत का प्रयोग केवल आजिज़ी विवशता के भावों के प्रदर्शन के लिये ही होता था। पर समय के दौरान में इस छन्द का प्रयोग अन्य भावों के लिए भी होने लगा।

(१)

चिठिया जे लिखी लिखी भेजेले सँवरिया,
मोर कन्हैया जी घरे चलि आवसु ना।
आरे सब केहु आवेला हथिया से घोड़वा,
मोर कन्हैया जी [1]सेवारे चढ़ि आवसु ना।
चिठिया जे लिखी लिखी भेजेले सँवरिया,
कान्हा घाटे घाटे नैया लेइ आवहु जी।
चिठिया जे लिखी लिखी भेजेले संवरिया,
कान्हा धीरे धीरे बंसिया बजावसु जी।
आरे बंसिया सबद सुनि उठे ले सँवरिया,
साँवरि धीरे धीरे जेवना बनावसु जी।
आरे जेवना जेवत कान्हा मने मुसकइले,
आरे लपटि धरेले मोर बहिंया जी ॥१॥

अर्थ साफ है। [1]सेवार = नाव।

(२)

बारहि बार तोहि बरजों मोर सामी,
से उतरी बनिजिया मति जइह मोरे सामी ॥

उतरी बनिजिया के उतरी बंगालिन ,
से रखिहें करेजवा लगाइ मोर सामी ॥
बारहि बार तोहिं बरजो मोर सामी ,
से अनका सेजरिया मति जइह मोर सामी ॥
अनका सेजरिया जब जइब तू हूँ सामी ,
से उतरि जइहें तोहरा मुखवा के पानी[२]॥
हमरा सेजरिया जब अइब मोर सामी ,
से तू हूँ होइब रजवा हमहूँ पट रानी ॥१॥

अर्थ सरल है ।[२] उतरि जइहें मुखवा के पानी' = चेहरे का सौन्दर्य नष्ट हो जायगा । बनिजिया = बन प्रदेश । सेजरिया = शय्या ।

(३)

बारहि बार तोहिं बरजों मोर सामी, से झँझरी नैया जनि चढ़िह मोर सामी ।
झझँरी नैया जब चढ़लीं मोर सामी, से तर भइली नैया ऊपर भइले पानीं ॥
जब तर भइली नैया ऊपर भइले पानी, त मारि के डुबुकिया रउरा पार होइ जाईं ॥
मारि डुबुकिया रउरा पार होइ जांई, त केस रउरा झलके सेवारवा के नाईं ॥
केस राउर झलके सेवारवा के नाईं त दाँत रउरा चमके बिजुलिया के नाईं ॥
दाँत रउरा चमके बिजुलिया के नाईं, त बोल रउरा बोलीलीं मयनवा के नाईं ॥
बोल रउरा बोलीला मयनवा के नाईं, से चाल रउरा चलींला फिरंगिया के नाईं ॥

हे स्वामी, मैं बार बार आपसे मना करती आई कि आप झंझरी नाव पर मत चढ़ना । पर आप नहीं माने । झंझरी नाव पर चढ़ ही गये । फल हुआ कि नाव नीचे डूब गई और पानी ऊपर भर गया । हे स्वामी, जब नाव डूब गई और पानी भर गया तब आप क्या देखते हैं । डूबकी मार तैर कर पार हो जाइये । आप जब डुबुकी मार तैर कर पार हो रहे थे तब आपका केश सेवार के ऐसा झलक रहा था और जब केश सेवार सदृश दीख रहा था तो दाँत की पंक्तियाँ बिजली की तरह चमक रहीं थी। एक ओर दाँत की पंक्तियाँ (मुख

खुलने पर) बिजली की तरह चमकती थीं तो दूसरी ओर आप मैना की तरह मीठी बोली बोल रहे थे। हे प्रियतम, आप मैना की तरह जहाँ मीठी बोली बोलते हो वहाँ फिरंगियों (अँग्रेजों) की तरह चाल भी शान से चलते हो।

नौका डूब जाने पर तैराक स्त्री स्वयं तैरती हुई और पति को साथ साथ तैराती हुई और उत्साह देती हुई किनारे आई। उसी समय का यह गीत है। इसका रचना काल अँग्रेजों के आगमन के बाद का ज्ञात होता है।

खेलवना

इस गीत में अधिकांश वात्सल्य प्रेम ही गाया जाता है। करुण रस के जो गीत मिले वे उद्धृत हैं। खेलवना से वास्तविक अर्थ है बच्चों को खेलने वाले गीत, पर अब इसका प्रयोग भी अलचारी की तरह अन्य भावों में भी होने लगा हैं।

(१)

सोने के खरउआं आवेले कवन साहि, अम्मा के दुआर भइले ठाढ़
मोरे ललना ॥
चलहु अम्मा रे हमरी महलिया हमरी बहुआ बेहाल बाड़ी ललना ॥
जाहु बबुआ रे अपनी महलिया दुलहिन के बोलिया खिआल बाड़ें ललना ॥
अब ना जीअबों ललना कि अपना ना जीअबों ॥१॥
सोने के खड़उआँ आवेले कवन साहि, ठाढ़ भइले भउजी के दुआर मोरे
ललना ॥
चलहु भउजी रे हमरी महलिया हमरी धनिया बेहाल बाड़ी ललना,
अब ना जिअबों, ललना, कि अब ना जीअबों० ॥
जाहु बबुआ हो अपनी महलियाँ दुलहिन के झगरा इआदि बाड़ें ललना ॥
कि अब ना जिअबों, ललना, कि अब ना जिअबों० ॥२॥
सोने के खड़उआ अइले कवन साहि, ठाढ़ भइले बहिनी दुआर मोरे ललना ॥
चलहु न बहिनी रे हमरी महलिया, हमरा घरे रनिया बेहाल बाड़ी ललना ॥
कि अब ना जीअबों, ललना, अब ना० ॥

जाहु ना भइया रे अपनी महलिया भउजी के खुदुका इआदि बाड़ें ललना।
इआदि बाड़ें ललना कि अब ना० ॥३॥
सगरे नगरिया घूमि फिरि अइले ठाढ़ भइले धनि के दुआर मोरे ललना ॥
सगरी नगरिया धनि घूमि फिरि अइलीं केहु ना बाड़े तोहार मोरे ललना ॥
अबकी गरहवा से ऊपर होइबों सामी सासु जी के चइला ले कपार फोरबों
ललना ॥ कपार फोरबों ललना० ॥४॥
जी गइलीं, ललना, जुड़ाइ गइलीं, ललना, अबकी नोहकटिया से ऊपर होइबों
गोतिनी के झोंटा धइ लसार देबों ललना० ॥
अबकी बरहिया से ऊपर होइबों ननदी के छुरी लेके सीना फरबों ललना
सीना फरबों ललना० ॥५॥
बबुआ गेंना खेलिहें ललना जुड़ा जइबों ललना कि जी जइबों ललना
कि जी जइबों ललना० ॥६॥

सोने के खड़ाऊँ पर अमुक शाह आये और अपनी माता के दरवाजे पर खड़े हुए। उन्होंने कहा, हे मा! मेरे महल में चलो। मेरी स्त्री की प्रसव पीड़ा से बुरी दशा हो रही है। माता ने कहा, अरे पुत्र अपने महल में जाओ। मैं नहीं जाऊँगी। तुम्हारी बहू की कड़ी कड़ी बातें मुझे स्मरण हैं। ॥१॥

सोने के खड़ाऊँ पर चढ़ कर अमुक·····महाशय अपनी भावज के दरवाजे आकर खड़े हुए और कहा, अरी भावज, मेरे महल में चलो प्रसव पीड़ा से मेरी पत्नी की दशा बुरी है। वह अब नहीं जीऊँगी अब नहीं जीऊँगी कह कर रो रही है। भावज ने कहा, "हे देवर! तू अपने महल वापिस जाओ। मुझे बहू की बोली स्मरण है। 'अब नहीं जीऊँगी, अब नहीं जीऊँगी, वह क्या कह रही है।" ॥२॥

सोने के खड़ाऊं पर अमुक शाह......चढ़ कर अपनी बहन के महल में गये और कहा, "हे बहन मेरे महल में चलो मेरी रानी की दशा प्रसव पीड़ा से बहुत बुरी है। 'वह अब न जीऊँगी, अब न जीऊँगी' कह कह कर रो रही है।"

बहन ने कहा, 'हे भाई, अपने महल में तुम जाओ। मुझे भौजी की

मार याद है। वह नहीं भूलेगी।' ॥३॥

फिर पति ने सारे नगर में घूम फिर कर सब से चलने के लिये कहा; पर सबने यही उत्तर दिया। तब लाचार हो अपनी स्त्री के दरवाजे आकर वह खड़ा हुआ और कहा, 'हे, पत्नी मैं सारे नगर में घूम फिर आया पर कोई तुम्हारा शुभेच्छु नहीं है।'

कटु भाषी पत्नी ने इस पर सरोष होकर कहा, 'अबकी बार मैं इस ग्रह से निपट जाऊँ तो सास जी का सिर चैला से तोड़ दूँगी।' ॥४॥

हे ललना, अब तो मैं जी गई (पुत्र उत्पन्न हो गया)। अब की नोह कटिया का रस्म समाप्त हुआ नहीं कि गोतिनी का बाल पकड़ कर खूब घसीटूंगी। और बरही रस्म से छुटकारा पाकर ननद की छाती छूरी से चीर दूँगी। हे, स्वामी, (मुझे इनकी फिक्र नहीं है) मेरा बच्चा गेंदा खेलेगा बस उसी को देखकर मैं तृप्त हो जाऊँगी। जुड़ा जाऊँगी। जी जाऊँगी।'

कर्कशा नारि का जीता जागता नमूना है।

(२)

माई उठे उठे कमरि से पीरा अबना जीअबि हो।
सासु के देहु न बोलाई भँडारवा सँऊपबि हो ॥१॥
माई उठे कमरि से पीरा अब ना जीअबि हो ॥
ननदी के देहु न बोलाई रसोइआँ सँउपबि हो ॥
माई उठे कमरि से० ॥२॥
माई गोतिनी के देहु न बोलाइ बलकवा सऊँपबि हो।
माई उठे कमरि से० ॥३॥
माई ! सइयाँ के देहु ना बोलाई सँनुखिया सऊँपबि हो ॥
माई उठे कमरि से० ॥४॥
माई घरि रात गइले पहर राति गइले जनमेले होरीला हम जीअबिं हो ॥५॥
सासु के देहु बोलाई भँड़रवा हमरे हटे, धरें हमरे सिरे हाथ भँड़रवा हमरे हटें ॥६॥
ननदी के देहु बुलाइ रसोइया हमरे हटें। अब हम जीअबि हो० ॥७॥

गोतिनी के देहु बोलाई बलकवा हमरे हटें । अब हम जिअबि हो० ॥६॥
सइयाँ के देहु बोलाई सनुखिया हमरे हटें । धरू हमरे सीरे हाथ अब हम
जिअबि हो ॥१०॥

गर्भवती गृहिणी को प्रसव वेदना शुरू हुई और वह अपने जीवन से निराश हो कहने लगी :—

अरे अरे मेरी कमर में वेदना शुरू हुई । अब मैं नहीं जीऊँगी । मेरी सास को कोई बुला दो मैं उन्हें भंडार सौंपूंगी । मेरी कमर में पीड़ा शुरू होने लगी अब मैं नहीं जीऊँगी ॥१॥

अरे मेरी ननद को कोई बुला नहीं देता कि मैं उन्हें रसोई सौंप दूं ? मेरी कमर में पीड़ा प्रारम्भ हो गई । अब मैं नही बचूंगी । ॥२॥

अरे मेरी जेठानी को कोई बुला दे । मैं अपना बालक उनको सौंपूँगी मेरी कमर में प्रसव वेदना रह रह कर होने लगी । अब मैं नहीं जीऊँगी । ॥३॥

अरे कोई मेरे सैंया को बुला दे मैं उन्हे अपना सन्दूक सौंप दूं । अरे मा, कमर में वेदना उठने लगीं । अब मैं नहीं जीऊँगी । ॥४॥

एक घड़ी रात बीत गई । पहर रात जाते जाते बालक ने जन्म लिया । अब मैं जीऊँगी । सास को बुला दो भंडार मेरा ही है । वह मेरे सिर पर हाथ रखें और आशीर्वाद दें । भण्डार मेरा ही है । ॥५,६॥

अरे मेरी ननदजी को बुला दो । रसोई मेरी है । अब मैं जी गई । अरे जेठानी को बुला दो । बालक मेरा ही है । अब मैं जी गई । अरे स्वामी को बुला दो । मैं कह दूँ कि सन्दूक मेरा ही है अब मैं जीऊँगी । वे हमारे मस्तक पर हाथ रखकर मुझे आशीर्वाद दें । ॥७,८,६,१०॥

इस गीत में सबसे प्यार की जानेवाली सुलक्षणा गृहिणी के प्रसव वेदना का और पुत्रोत्पत्ति का वर्णन है पूर्व की कर्कशा गर्भिणी से यह कितनी भिन्न है ।

———

देवी के गीत

(१)

निबिया के डाढ़ि मइया लावेली हिंड़ोलवा कि झूली झूली ना,
मैया ! गावेली गितिया की झुली झूली ना ॥
सातो बहिनी गावेली गितिया कि झुली० ॥१॥
झुलत २ मइया के लगली पिअसिया कि चलि भइली ना मलहोरिया
अवसवा कि चलि भइली ना । मल होरिवा० २॥
सूतलि बाड़ू कि जागलि ए मालिन ! मोहि बूँद एक पनिया पिआवहु
कि बूँद एक ना मोहि के पनिया० ॥३॥
कइसे में पनियाँ पिआईं ए जगतारनि मइया ! मोरा गोदी ना, मइया
बालका तोहार हो ॥ कि मोरा गोदी ना बालका तोहार० ॥४॥
बलका सुताव मालिनि ! सोने के खटोलवा कि बून एक ना, मोहि
पनिया पिआव मालीन बूँन एक ना ॥५॥
एक हाथे लेली मालिनि झँझर तमरुआ दोसर हाथे ना ए सिंहासन
पाट हो दोसर हाथे ना ॥६॥
पनिया पीअहु पाटी बइठीं ए सीतलि मइया ! कहीं ना हे नगरिया
कुसलात मइया कहीं ना रछुपाल ॥७॥
हमरो नगरिया मालिनि खेम कुसलतिया भाला मालिनि चाहीले तोहार
कि भाला मालिनि चाहीले तोहार मालिन । भाला० ॥८॥
जइसन मालिनि मोही के जुड़वलू कि ओइसन जुड़ाऊ धिअवा तोहार
कि मालिन । ओइसने जुड़ाऊ० ॥९॥
धीअवा जुड़इहें मालीन अपना ससुरवा कि पतोहिया तोरि साँझे दीअरा
जरइहें, कि पतोहिया तोर । मइया के खिजमति करीहें
कि पतोहिया तोरि ॥१०॥

नीम की डाल पर झूला लगाकर माता भगवती इस पर झूल झूल कर गीत गाती हैं—सातों बहन देवी जी झूल झूलकर गीत गाती हैं ॥१॥

झूलते झूलते मा को प्यास लगी। वे माली के घर चल पड़ीं—वे माली के आवास पर पहुँचीं वहाँ उन्होंने कहा:—

'हे मालिनि, तुम सोती हो या जागती हो। एक बूँद मुझे पानी पिलाओ—अरे एक बूँद भी जल मुझे पिला दो' ॥२,३॥

मालिनि ने कहा, 'हे जगतारिणी मा, मैं आपको जल कैसे पिलाऊँ? मेरी गोदी में आपका बालक है। मेरी गोदी मेंआपका बालक है। मैं जल कैसे पिलाऊँ?' ॥४॥

देवी जी ने कहा, 'अरी मालिन, सोने के खटोले पर बालक को सुला दो और मुझे बूँद भर जल पिला दो—हे मालिन मुझे बूँद भर जल पिला दो' ॥५॥

मालिन ने एक हाथ में तामे का गेडुआ लिया और दूसरे हाथ में सिंहासन लेकर देवी जी से कहा, "हे शीतला मा, पानी पीजिये और इस सिंहासन पर बैठिये। और हे मा, नगर की रक्षा का हाल कहिये।" ॥६,७॥

शीतला जी ने कहा, अरे मालिन! मेरी नगरी में तो सब कुशल है। तुम्हारी भलाई चाहा करती हूँ—तुम्हारी भलाई चाहा करती हूँ ॥८॥

'हे मालिन जिस तरह से तुमने मुझे जल पिला कर तृप्त किया वैसी ही तुम्हारी कन्या जुड़ाय, तृप्त होवे, वैसी ही तुम्हारी पतोहू तृप्त होवे। हे मालिन, तुम्हारी कन्या तो अपनी ससुराल में तृप्त होगी और तुम्हारी पतोहू देवी के यहाँ संध्या समय दीप जलावेगी। तुम्हारी पतोहू देवी जी की सेवा करेगी।'

(२)

कथी केरा ककही सीतलि मइया, कथी लागल हो साल ए
कथी का मचीअवे सातो बहिनी झारे लामी हो केस ए ॥१॥
सोने केरा ककही सीतलि माई जी रूपे लागल हो साल ए।
सोने का मचीअवे जगदम्मा माई झारे लामी हो केस ॥२॥
टूटि गइली ककही फूलमती मइया मुरुकि गइली हो साल ए।
कोपली जगदम्मा माई जी सोनरा घरे हो जासु ए ॥३॥
जाँघ तोरि थाको ऐ सोनार बहियाँ लागे रे घून।

जवनी हाथे गढ़ले रे सोनारा ककही केरे साल ए ॥४॥
रोवेले सोनरा के मइया लटि घुने रे केस ए।
अबकी गुनहिया सातो बहिनी माफ करो हमार ए ॥५॥
रोवेले सोनारा के जोइया लटि धूनि रे केस ए।
अबकी गुनहिए जगदम्बा मइया सेनूरा बकसे मोर ए ॥६॥
गढ़ि दीहे ए ककही सीतलि माई जी जोरी दीहलें रे साल ए।
सोने के मचीअवे जगतारनि झारति बाड़ी लामी केस ए ॥७॥

अरे शीतला माता की कंघी किस चीज की बनी है ! उसमें किस चीज के साल लगे हैं ? और किस वस्तु की बनी मचिया पर बैठकर सातो बहन लम्बे लम्बे बाल झारती हैं। ॥१॥

शीतला माता की कंघी सोने की है और उसमें रूपे के साल लगे हैं। और सोने की मचिया पर बैठकर जगदम्बा केस झारती हैं ॥२॥

फूल मती माता की कंघी टूट गई। उनकी बाह में उससे मोच आ गई। उन्हें क्रोध आया और वह सोनार के घर पहुँची। वहाँ पहुँच कर उन्होंने कहा, "अरे सोनार तेरी जांघ निर्बल हो जाय। और तुम्हारी उस बाँह में घुन लगे जिस हाथ से तूने कंघी के साल बनाये थे। ॥३, ४॥

इस पर स्वर्णकार की मा (लट धुन धुन) सर पीट पीट कर रोने लगी। और कहने लगी, हे माता अब की बार अपराध क्षमा करो। मेरी गोद भरो। सोनार की स्त्री सर पीट पीट (केश धुन धुन) कर रो रो कहने लगी, 'हे जगदम्बे अबकी बार अपराध क्षमा करो। मेरा सिन्दूर छोड़ दो। हे शीतला जी फिर से यह कंघी गढ़ देगा और टूटे साजों को भी बना देगा। हे जगतारिणी मा आप सोने की मचिया पर बैठ कर बार झारना ॥५, ६, ७॥

(३)

कंवरू से जब चलली सीतलि मइया झालरि डंडिया फनाई जी ॥१॥
लाले लाले ड़ड़िया ए माई जी सबूज ओहार जी।
लागि गइले बतीसो कहार जी ॥२॥
ड़ड़िया फनाई जब चलली जगदम्मा हो माई जी,

चलि भइली माधो का दुआर जेसितला पुकारे ली माधव के
मइया चिहाइ हो ॥३॥
माधो के मूअले भइले छव मास आजु रउरा दीहलीं जगाइ हो ॥४॥
कहवाँ जरवले रे माधो सेवकवा रे सेही ठइयाँ देइ ना बताई रे ॥५॥
आगा आगा जाले रे माधो मइया रे ताही पाछे ए सितलि माई जी ॥६॥
धूरिया बटोरि ए माई जी कुरिया लगवलू लिहलू खोइछवा
में बान्हिहो ॥७॥
सुमिरे त लगली माई जी अपनो देवतवा हो उठि के मधउवा
भइले ठाढ़ जी ॥८॥
धनि धनि मइया तोहारि नाँव गइयाँ धनि हईं प्रभुता तोहार हो ॥९॥

शीतला माता कामरूप देश से झालरों से सजी हुई पालकी में चलीं। डाँडी लाल रंग से रंगी हुई थी और उस पर सब्ज रङ्ग का ओहार पड़ा हुआ था और लगे हुए थे बत्तीस कहार ॥१, २॥

पालकी फना कर जब जगदम्बा चलीं तो सीधे माधव के दरवाजे पर आकर खड़ी हुईं ॥३॥

वे 'माधव माधव' कह कर पुकारने लगीं और माधव की मा माधव का नाम सुन कर आश्चर्य में पड़ गयी। उसने कहा, "अरे माधव को मरे छः मास बीत गये। आज आपने मुझे स्मरण करा कर मेरी निद्रा पुनः भंग कर दिया" ॥४॥

देवी ने कहा, अरे तूने माधव सेवक को कहाँ जलाया? जिस जगह हो वह मुझे बतला दो ॥५॥

आगे आगे माधव की माता चली और उसके पीछे शीतला माता चलीं ॥६॥

शीतला माता ने उस स्थान की धूल बटोर कर अपने अञ्चल में बाँध लिया। और तब माता अपने इष्ट देव को सुमिरने लगी और माधव उठ कर खड़ा हो गया ॥७, ८॥

माधव देवी की विनती करने लगा। हे माता तुम धन्य हो। तुम्हारा नाम धन्य है तुम्हारी प्रभुता भी धन्य है ॥९॥

(४)

आओ प्यारे मोहना, पलक बीच मुदि लेहुँ।
ना मैं देखउँ तोहि को, ना कोइ देखन देहुँ॥

उसका जवाब इस वैश्यवधू ने कैसा सुन्दर कहा है—

दँतवा तूरि पिया कोठा उठइबों, छतिअन बजर केवार।
ई दूनो नैना बिच हटिया लगइबों घरही करहु रोजगार॥

आँख के बीच प्रियतम को मूँद रखने से वह निष्क्रय हो जाता। हमेशा का कामकाजी बनिक बेकार बैठ कर दुख अनुभुव करता। इसलिये अपने मुख रूपी शहर में ही कोठा अटारी उठाकर आँखों के बीच बाजार लगाना और उसमें पति से रोजगार करवाने की उक्ति कितनी सुन्दर अनोखी और स्त्री भाव के अनुरूप है।

फिर पेट के लिए आधी रात में कोल्हू चलाने का नायिका का प्रस्ताव कितना सुन्दर है। उस समय भी वह रस ही लूटती है। 'जठिया के उपराँ ढेंकुली पिहीके ओइसे पिहीके जिया मोर।'

(१३)

आजुक गइल भँवरा कहिया लवटब, कतिक दिना रे,
जोहबि तोरी बटिया कतिक दिना रे॥१॥
गनत गनत मोरी अँगुरी खिअइली कि चितवत रे,
नैना ढुरे अँसुवा कि चितवत रे॥२॥
एक बन गइलों दूसर बन गइलों कि तिसरे बने रे,
मिले गोरू चरवहवा कि तिसरे बने रे॥३॥
गोरू चरवहवा तुहीं मोर भइया कतहूँ देखेउ रे,
मोरा भँवरा बिदेसिया कतहूँ देखेउ रे॥४॥

हे भँवरा! आज के गये तुम फिर कब लौटोगे। मैं कब तक, कितने दिनों तक तुम्हारी बाट जोहती रहूँगी?॥१॥

अरे, दिन गिनते गिनते मेरी उँगुलियाँ घिस गयीं और मार्ग देखते

देखते मेरी आँखों से आँसू निकलने लगे, पर तब भी प्रियतम—भँवरा नहीं लौटा। ॥२॥

प्रियतम को ढूढ़ने के लिये एक बन में गई; फिर वहाँ न मिलने पर दूसरे बन में गई जब वहाँ भी भौंरा नहीं मिला तब तीसरे बन में गई। वहाँ गाय का चरवाहा मिला। ॥३॥

हे गाय के चरवाहे, तुम मेरे भाई हो। बताओ तो कहीं तुमने मेरे परदेशी भँवरा को देखा है! ॥४॥

हिंडोले के गीत

(१)

धीरे बहु नदिया तें धीरे बहु, नदिया,
मोरा पिया उतरन दे पार ॥ धीरे बहु० ॥१॥
काहे की तोरी बनलि नइया रे धनिया
काहे की करूवारि ॥
कहाँ तोरा नैया खेवइया, ये धनिया
के धनी उतरइँ पार ॥ धीरे बहु० ॥२॥
धरम की मोरा नइया रे, नदिया
सत कइ लगलि करूवारि।
सैयाँ मोरा नइया खेवइया रे, नदिया
हम धनी उतरबि पार ॥ धीरे बहु० ॥३॥

स्त्री कहती है—हे नदी! तू धीरे धीरे बह। मेरे पति को पार उतरने दे। ॥१॥

नदी ने पूछा—तेरी नाव किस चीज की है? करुवार (वह लोहा जिस पर रख कर डाड़ चलाया जाता है) किस वस्तु का बना है। तेरी नाव का खेने वाला कहाँ है? और कौन स्त्री पार उतरेगी! ॥२॥

स्त्री ने उत्तर दिया—'हे नदी! धर्म की मेरी नाव है। सत का ही उसमें करुवार लगा हुआ है। अरे, नाव का खेने वाला मेरा स्वामी ही है।

और मैं स्त्री पार उतरने वालो हूँ। ॥३॥

इस गीत की तारीफ में पं० राम नरेश त्रिपाठी ने लिखा है—"यह गीत जिस समय मन्द मन्द स्वर से गाया जाता है, हृदय तरंगित हो उठता है। स्त्री कवि के रचे हुए इस भाव पूर्ण गीत की तुलना हिन्दी के उच्च कवि की कविता से की जा सकती है।"

इस गीत का अर्थ ईश्वर पक्ष में भी मिलता है।

(२)

टुटही मड़इया बुनिया टपकइ हो, के सुधि लेवैं हमार। टुटही मड़इया ॥१॥
जेठ छुवावयँ आपन बंगला हो, देवरा छुवावँय चउपार।
हमरा मँदिलवा के छवइहें हो, जेकर पियवा बिदेस ॥१॥ टुटही० ॥२॥

स्त्री कहती है—मेरी झोपड़ी टूटी हुई है। बूंद बूँद टपक रही है। हाय मेरी सुधि कौन लेगा? ॥१॥

जेठ अपना बँगला छवा रहे हैं। और देवर अपनी चौपाल! हा, मेरा घर कौन छवावेगा? जिसका प्रियतम परदेश है ॥२॥

(३)

बाबा निबिया के पेड़ जनि काटेउ।
निबिया चिरइया बसेर। बलइया लेउँ बीरन ॥१॥
बाबा बिटिया के जानि केउ दुख देउ,
बिटिया चिरइया के नाई। बलैया लेउँ बीरन ॥२॥
सब के चिरइया रे उड़ि २ जइहें।
रहि जइहें निबिया अकेलि। बलैया लेउँ बीरन ॥३॥
सब के बिटियवा रे जइहें ससुरवा,
रहि जइहें माई अकेलि। बलैया लेउँ बीरन ॥४॥

कन्या ससुराल जा रही है। घर के सामने नीम का पेड़ है, जो शायद उसी का लगाया है।

वह कहती है—हे बाबा यह नीम का पेड़ मत काटना। इस पर चिड़िया बसेरा लेती है। हे भाई मैं तुम्हारी बलैया लेती हूँ इस नीम के पेड़

को मत काटना ॥१॥

हे बाबा बेटी को कोई कष्ट न देना। बेटी और पक्षी की दशा एक सी है। हे भाई ! मैं तुम्हारी बलैया लेती हूँ तुम भी कन्या को कोई कष्ट न देना ॥२॥

हे बाबा, सब चिड़ियाँ उड़ जाँयगी। नीम अकेली रह जायगी। सब कन्यायें चली जाँयगी अकेली मा रह जायगी। इसलिये हे मेरे भाई, हे मेरे बाबा, लड़कियों को कष्ट न देना मैं तुम्हारी बलैया लेती हूँ ॥३॥

नीम के साथ माँ की और पक्षियों के साथ कन्याओं की तुलना करके उदासीनता का जो चित्र इस गीत में अंकित किया गया है वह कविता की दृष्टि से साधारण कोटि का नहीं है। हिन्दी-कविता में चिड़ियों के बसेर की याद संसार को क्षण भंगुरता दिखाने में की जाती है। पर इस गीत में वह बिलकुल एक नये रूप में है। पं० त्रिपाठी जी का इस गीत के सम्बन्ध में यह कथन सर्वथा उचित और सत्य है।

(४)

प्रेम पिरीति रस बिरवा रे, तुम पिय चलेउ लगाय।
सीचन कइ सुधिया राखेउ, देखेउ मुरझि न जाइ ॥१॥
किन रे लगवले नवरँगिया, के रे नेबुआ अनार।
किन रे लगवले रस बिरवा रे, देखेउ मुरझि न जाइ ॥२॥
जेठवा लगवले नवरँगिया रे, देवरा नेबुआ अनार।
पियवा जे बोए रस बिरवा रे, देखेउ मुरझि न जाई ॥३॥
प्रेम पिरीति रस बिरवा रे० ॥

हे प्रियतम ? तुम मेरे प्रेम और प्रीत रस का जो पौधा लगा कर चले जा रहे हो उसको सींचने की सुधि रखना। देखना ऐसा न हो कि वह मुरझा जाय ॥२॥

अरे ! किसने नारँगी लगायी ? किसने नीमू लगाया ? और किसने रस के इस बिरवे को लगाया ? देखना ऐसा न हो कि वह मुरझा जाय ॥२॥

जेठ ने नारंगी लगायी है। देवर ने नीमू लगाया है और प्रियतम ने

(६)

गढ़ पर परेला रे हिंडोलवा सब सखि झूलन जाँय।

हम धनि ठाढ़ि जगत पर ॥१॥

बाट बटोहिया तुहूँ मोरे भइया पियवा से कहित बुझाय।

गढ़ पर परेला हिंडोला० ॥२॥

बाट बटोहिया रे तूहूँ मोरा भइया धनिया से कहिह बुझाय।

सखि सँग झूलिहें हिड़ोलवा जोबना के रखिहें छिपाय।

आइब हमहूँ छवे मास ॥३॥

किले पर हिंडोला पड़ा है। सब सखियाँ झूलने जा रही हैं। पर मैं झूलने न जाकर कुएँ की जगत पर खड़ी खड़ी देख रही हूँ ॥१॥

हे राह चलने वाले! तुम मेरे भाई हो। मेरे पति से समझा कर कहना कि गढ़ पर हिंडोला लगा है। सब सखी झूलने जाती हैं। पर तुम्हारी स्त्री इनारे की जगत पर खड़ी खड़ी देखा करती है।

पति ने बटोही से कहा, 'हे बाट के बटोही! तुम मेरे भी भाई हो। मेरी स्त्री से समझा कर कहना कि वह सखियों के साथ झूला झूलेगी पर अपने यौबन छिपा कर रखेगी। मैं आज के छठे मास अवश्य आऊँगा ॥३॥

(७)

असों के सवनवा सैंया घरे रहु, घरे रहु ननदी के भाय ॥असों०॥

सावन गरजे ले बिजुली चमके ले, छतिया दरद उठे मोर ॥

अइसे उमँग रितु बरखा बरिसे, निरमोही दरदियो ना बूझ ॥असों०॥

हे मेरे स्वामी! हे मेरी ननद जी के भाई!! इस वर्ष के सावन में तुम विदेश न जाओ। घर ही पर रहो। सावन के मेह गरज रहे हैं। बिजली चमक रही है। मेरी छाती में दर्द उठ रहा है। ऐसी उमंग की ऋतु में वर्षा हो रही है और तुम मेरे दर्द को समझते तक नहीं हो ॥

(८)

माई तलवा में कुहुँके मोर ॥

माई जेठवा भइअवा मति पठएउ हो सावन निअराय ;

माई सार बहनोइया होइहैं एक सावन निअराय ॥१॥
माई बमना क पूतवा जनि भेजिह सावन निअराय।
माई पोथिया बाँचत बाझि जाई सावन निअराय ॥२॥
माई लहुरा भइयवा मोहि पठयेउ सावन निअराय।
माई रोइ गाइ बिदवा करइहैं सावन निअराय ॥३॥

स्त्री मायके आने के लिये मा के पास सन्देश भेज रही है। हे मा! यहाँ ताल में मोर बोलने लगा। सावन निकट आ रहा है। मुझे बुलाने के लिये जेठे भाई को मत भेजना। वे सार बहनोई दोनों मिलकर एक हो जायँगे। मेरी बिदाई रुक जायगी ॥१॥

मा, ब्राह्मण के पुत्र को मुझे ले आने के लिये न भेजना। वह पोथी बाचने लगेगा और बझ जायगा। मुझे नहीं ले आयेगा। सावन निकट आ रहा है ॥२॥

हे मा! मेरे छोटे भाई को भेजना। वह रो गाकर विदा करा लेगा ॥३॥

(६)

घेरि घेरि आवे पिया! कारी रे बदरिया, दैवा बरसे हो बड़े बड़े बूँन।
बदरिया बैरिन हो ॥१॥
सब कोइ भीजेला अपना भवनवाँ मोरा पिया हो भींजे परदेस;
बदरिया बैरिन हो ॥२॥
दुलहिन हो रानी चिठि लिखि भेजे, घर बहुरहु हो ननद जी के भाय।
बदरिया बैरिन हो ॥३॥

विरहिणी कहती है। हे प्रियतम! काली घटा घिर घिर कर फिर फिर आ उमड़ती है। और मेघ बड़े बड़े बूँद बरसने लगे हैं। ये बादल मेरे लिये शत्रु बन गये हैं ॥१॥

सब लोग अपने अपने घर इस पहले पावस में भीग रहे हैं, पर मेरे प्रियतम कहीं विदेश में भीग रहे हैं। हाय बादल शत्रु हो गये ॥२॥

दुलहिन रानी ऐसे समय में पत्र पर पत्र लिख लिख कर भेज रही हैं

कि हे ननद के भाई अब घर चले आओ। ये बादल मेरे लिये शत्रु हो रहे हैं ॥३॥

(१०)

सावन घन गरजे।
केने से घटा ओनइके, केने बरिसे गँभीर।
हमार बलमू बिदेसिया, भींजत होइहें कवने देस ॥
सावन घन गरजे ॥१॥
जा रे घरे हिंगुआ न महँके, जिरवा के कवन बघार।
जे रे घरे सासु दरुनियाँ, बहुवा क कवन सिंगार ॥
सावन घन गरजे ॥२॥
खस केरा बँगला छ्वइतिउँ, चउमुख रखितिउँ दुवार।
हरि लेके सोइतिउँ अँटरिया, झोंकवन आवत बयार ॥
सावन घन गरजे ॥३॥
अतलस लहँगा पहिरितिउँ, चुनरी बरनि न जाय।
झमकि के चढ़ितिउँ अँटरिया, चौमुख दियरा बराय ॥
सावन घन गरजे ॥४॥

सावन में घटा गरज रही है। किस ओर से घटा उमड़ती आ रही है और किस ओर गंभीर होकर बरस रही है; मेरे विदेशी पति किस देश में भीग रहे होंगे। यह सावन में मेघ गरज रहा है ॥१॥

जिस घर में हींग की महक तक नहीं, वहाँ जीरे का बघार कब मिलेगा। जिस घर में कर्कशा सास है उस घर में बहू का शृंगार कहाँ सम्भव है। सावन में मेघ गरज रहा है ॥२॥

यदि मेरे पति घर होते तो मैं खस का बँगला छ्वाती और उसमें चारों ओर दरवाजा रखती। हवा के झोंके आते और मैं अपने हरि को लेकर अटारी पर सोती। सावन में, हाय, मेघ गरज रहे हैं ॥३॥

मैं अतलस का लहँगा पहनती और चूनर ऐसी पहनती जिसका वर्णन

नहीं हो सकता। चार मुख वाला दीपक जलाकर में छमकती हुई अटारी पर चढ़ती ॥४॥

पावस में यह कितना सुन्दर विरह विरहिणी कह रही है।

(११)

बुँदिअनि भींजें मोरी सारी, में कइसे आऊँ बालमा ॥१॥
एक त मेह झमाझम बरिसे, दूजे पवन झकझोर ॥२॥
आवउँ त भीजे सुरँग चुनरिया, नाहित छुटत सनेह ॥३॥
नाहीं डर बहुअरि भीजे क चुनरिया, डर बाड़े छुटे क सनेह ॥४॥
नेहवा से चुनरी होइ मोरी बहुअरि, चुनरी से जुटी ना सनेह ॥५॥

हे प्रियतम ! मैं तुम्हारे पास कैसे आऊँ ? मेरी यह साड़ी बूंदों से भीग जायगी। एक ओर तो झमाझम मेह बरस रहा है दूसरी ओर झकझोर झकझोर कर हवा चल रही है। यदि ऐसे समय मैं आती हूँ तो मेरी रंगीन चूंदर भीग जाती है और यदि नहीं आती तो तुम्हारा स्नेह छूटता है ॥१,२,३॥

पति ने कहा, हे बहू चूनर भीगने का डर नहीं, स्नेह छूटने ही का डर है। स्नेह से चूनर पुनः हो जायगी। पर चूनर से प्रेम नहीं प्राप्त होगा ॥४,५॥

(१२)

मोरी धानी चुनरिया अतर गम के, घनी बारी उमिरिया नइहर तरसे ॥१॥
सोने के थारी में जेवना परोसलों, मोरा जेवन वाला बिदेस तर से ॥२॥
झँझरे गेडुवा गंगा जल पानी, मोरा पीअन वाला बिदेस तरसे ॥३॥
लवंग इ लाची के बिरवा लगवलों; मोरा चाभन वाला विदेस तरसे ॥४॥
कलिया मैं चुनि चुनि सेज लगवलों, मोरा सूतन वाला विदेस तरसे ॥५॥

धानी रङ्ग की मेरी चादर में इत्र महक रहा है। पर मैं बाला नैहर में तरस रही हूँ ॥१॥

मैं सोने की थाली में भोजन तो परोसती हूँ; पर उसका उपभोग करने वाला विदेश में तरस रहा है ॥२॥

झझरीदार गेडुआ में गंगा का जल रखती हूँ, पर उसका पीने वाला

विदेश में तरस रहा है ॥३॥

लवंग इलायची का सुन्दर बीड़ा जोड़ती हूँ, पर उसका चाभने वाला विदेश में तरस रहा है ॥४॥

कली चुन चुन कर फूलों की सेज बिछाती हूँ पर उसपर सोने वाला मेरा प्रियतम विदेश में तरस रहा है ॥५॥

(१३)

आरे सावन मेंहदी रोपायउँ रे लागे भादों में दुइ दुइ पात।
सैयां मोरा आरे छाये रे बिदेसवा, सीचों में नयना निचोरि ॥१॥

मैंने सावन में मेहदी लगायी। भादों में उसमें दो दो पत्ते निकल आये। मेरे प्रियतम परदेश में हैं। मैं आंखे निचोर निचोर कर उस प्रेम-मेहदी को सींच रही हूँ जो पावस में बढ़ती हुई चली जा रही है।

मार्ग चलते समय के गीत

(१)

रघुबर सँग जाइबि हम ना अवध में रहबइ।
जौं रघुबर रथ चढ़ि जइहें हम भुइयें चलि जाइबि। हम ना अवध० ॥
जौं रघुबर हो बन फल खइहें, हम फोकली बिनि खाइबि। हम ना० ॥१॥
जौं रघुबर के पात बिछइहें, हम भुइयाँ परि जाइबि ॥ हम ना० ॥२॥

अर्थ सरल है।

(२)

पूछत भरत राम कहाँ माई।
जब से छुटली अजोधिआ नगरी हमरा उदासी आई ॥
घरे गलियाँ औ हाट बाट मैं परजा रोवत पाई ॥१॥
राम बिनू मोर सूनी अजोधिया लखन बिनू ठकुराई।
सिया बिना मेरो मंदिल सूनो रोइ पछार भरत भाई खाई ॥२॥

भरत पूछ रहे हैं—हे माँ राम कहाँ हैं? जब से मेरी अयोध्या छूटी तब से उदासी सदा छाई रही। यहाँ घर घर, गली गली और हाट बाट सर्वत्र प्रजा को मैंने रोते हुये ही पाया ॥१॥

हाय ! राम के बिना मेरी अयोध्या, लक्ष्मण के बिना मेरी ठकुराई और सीता के बिना मेरा घर, सूने हो गये यह कह कर और रोकर भरत पछाड़ खाकर गिर पड़े ॥२॥

(३)

बिगड़ी प्रभु नाथ ! तोहे बिनु हमरी ॥
नइहरे में जो वीरन होते उनहूं के करितों आस ॥१॥
ससुरो में जो देवर होतनि उनहू के करितों आस ॥२॥
दुअरा पर एको रुखओ जो होखिते तो हम होइतों ठाढ़ ॥३॥
बिगड़ी प्रभु० ॥

विधवा अनाथ होकर रो रही है :—

हे स्वामी ! तुम्हारे बिना मेरी सब प्रकार से बिगड़ गई । नैहर में कोई भाई होता तो उसकी भी आशा करती । ससुराल में कोई देवर होता तो उसकी भी आशा कर सकती थी । और इस घर के दरवाजे पर एक वृक्ष भी होता तो उसके नीचे ही खड़ी होती ॥१,२,३,॥

सचमुच विधवा का रुदन बड़ा ही मार्मिक है । अंतिम पंक्ति तो हृदय को हिलाये बिना नहीं रहती ।

(४)

बन के चलले दूनो भाई, कोई समुझावत नाहीं ।
भीतर रोवें मातु कोसिला दुअरे भरत जी भाई ॥१॥ कोई समु०॥
आगे आगे राम चलतु हैं पीछवा लछिमन भाई ।
तेकरा पीछे सीता सुन्नरि सोभा बरनि न जाई ॥२॥ कोई० ॥
भूखि लगे भोजन कहाँ पइहें, पिआस लगे कहाँ पानी ।
नीदि लगे डासन कहाँ मिलिहें, कुस काँकर गड़ि जाई ॥३॥ कोई० ॥
रिमझिम रिमझिम मेह बरिसे ले पवन बहे पुरवाई ।
कवने बिरिछ तरे भीजत होइहें रामलखन दूनो भाई ॥४॥

हा ! दोनों भाई बन को जा रहे हैं उन्हें कोई समझाता नहीं । भीतर कौशल्या माता रो रही हैं और बाहर भरत जी भाई रो रहे हैं ॥१॥

आगे आगे राम जा रहे हैं उनके पीछे लछमण। उन दोनों के पीछे सीता सुन्दरी जा रही हैं जिनकी शोभा का वर्णन नहीं किया जा सकता ॥३॥

हा, भूख लगने पर उन्हें भोजन कहाँ मिलेगा और प्यास लगने पर वे पानी कहाँ पावेंगी। नींद की दशा में उनको बिछावन कहाँ मिलेगा ? (कोमल) शरीर में कुश कंटक गड़ जायँगे।

रिमझिम रिमझिम करके मेघ बरस रहा है। पूर्वी हवा वेग से चल रही है। हा ! दोनों भाई किस वृक्ष के नीचे भीग रहे होंगे ॥४॥

(५)

ऊँचहि घरवा के ऊँची रे अटरिया,
ते चढ़ि बइठेली रूपा देई झारे लामी लामी केस ॥१॥
का तुहू रूपा बेटी झारे लामी केसिया,
तोरा सामी जूझेले गइया रे गोहारि ॥२॥
हाथ केरी ककही हाथहिं रहि गइली,
माथा के सेनुरवा दैवा हरले रे जाइ ॥३॥
सभवा बइठल तुहूँ बाबा हो हमार।
बीता एक जगहिया बाबा हमरा के देत ॥४॥
बीता एक जगहिया रुपवा तोहि बलिहार,
लेइ आउ कयथवा रुपवा लेहु ना नपाइ ॥५॥
मचियहि बइठलि अमा तू मइया हो हमारि,
लहरा पटोरवा देहु हमरा के दान ॥६॥
लहरा पटोरवा रूपा तोरे बलिहार,
लेइ आउ बजजवा रुपवा लेहु ना फराय ॥७॥
पसवा खेलत तुहूँ भैया हो हमार,
चनन चइलिया देहु हमरा के दान ॥८॥
चनन चइलिया रुपवा तोरे बलिहार,
लेइ आउ बढ़इया रुपवा लेहु ना चिराय ॥९॥
भँडरा पइसलि तुहूँ भउजी हो हमार,

अवध सिन्होरवा भउजी हमके द दान ॥१०॥
पूरुब के चँनवा पछिम कइसे जात,
भउजी के सिन्होरवा ननद नाहीं दान ॥११॥
एक त बेटी पातरि दूसर सुकुवारि,
कइसे कइसे सहबू बेटी अगिनी क आँचि ॥१२॥
तोहरा लेखे अम्मा आहो अगिनी के आँचि,
हमरा लेखे आँचिया बा सितली बतास ॥१३॥

ऊँचे घर की ऊँची अटारी है जिस पर बैठकर रूपादेवी अपने लम्बे केश झार रही है ॥१॥

हे रूपा बेटी ! तुम अब बाल क्यों झार रही हो ? तुम्हारे पति गाय की रक्षा करने में मारे गये ॥२॥

रूपा के हाथ की कंघी हाथ ही में रह गयी। उसके माथे का सिंदूर भगवान हरण किये चले जा रहे हैं ॥३॥

सभा में बैठे हुये हे मेरे पिता, मुझे एक बिता भूमि दान दो ॥४॥

हे बेटी रूपा ? तुम पर एक बीता भूमि अर्पण है। कायस्थ बुलाकर नपा लो ॥५॥

मचिया पर बैठी हुई हे अम्मा तू हमारी माता हो। हमें एक रेशमी धोती दो ॥६॥

हे बेटी रूपा ! रेशमी धोती तुम पर अर्पण है। बजाज बुलवा कर फड़वा लो ॥७॥

हे पासा खेलते हुये मेरे भाई मुझे थोड़ी सी चन्दन की चैली प्रदान करो ॥८॥

हे रूपा बहन ! चन्दन की चैली तुम पर अर्पण है। बढ़ई बुलाकर चंदन की चैली चिरा लो ॥९॥

भंडार में घुसी हुई हे मेरी भावज ! मुझे अवध का सिन्होरा प्रदान करो ॥१०॥

पूरब का चन्द्रमा पश्चिम को कैसे जा सकता है ? भौजी का

सिन्होरा ननद को कैसे दिया जायगा ?

हे बेटी, एक तो तुम' ऐसे ही पतले अंग की हो दूसरे सुकुमार हो। आग की आँच कैसे सहोगी ? ||१२||

हे मां ! तुम्हारे लिये आग की आँच आँच है। मेरे लिये तो वह शीतल वायु है ||१३||

कहना नहीं होगा कि रूपादेवी सती हो गई। उसके मायके में पति निधन की सूचना मिली और वहीं वह सती हुई।

(६)

सुधिया न लेले राजा हमरी सुरति के ||
अपने त जाइ के बिदेसवा में छवले,
पतिओ ना लिखे राजा हमरे इ मन के ||१||
जो सुधि आवे राजा तुमरी सुरति के,
अँसुवा बहे जइसे नदिया सवन के ||२||

अर्थ सरल है।

(७)

तमुआ गिरवल कहाँ जइब हो कहाँ लगिहैं ठेकान।
काहे लगवल बबुरवा हो लगइत तू आम।
अमिरित करीत भोजनवा हो भजित हरि नाम ||१||
प्रेम बाग ना बउरे हो प्रेम न हाट बिकाय।
बिना प्रेम क मनुआ हो जइसे अन्हरिया राति ||२||
प्रेम नगर के हटिया हो हीरा रतन बिकाय।
चतुर चतुर सउदा कइले हो मूरख पछताय ||३||

हे बालम ! तुमने हमारी सुधि नहीं ली ||

तुम स्वयं तो जाकर विदेश में पड़े हो। मेरे मन का हाल जानने के लिये तुमने पत्र भी न भेजा ||१||

हे राजा ! तुम्हारी याद आते ही मेरी आँखों से आँसू की धारा ऐसी बहने लगती है, जैसे सावन में नदी बहती है ||२||

हे प्रिय ! तुमने संसार में अपने गार्हस्थ्य जीवन का तम्बू गिराया। अब कहाँ जाओगे ? तुम्हारा ठिकाना कहाँ लगेगा ?

ऐसी बात थी तो तुमने बबूल क्यों लगाया ! अर्थात् गृहस्थी का जीवन क्यों बसाया ? आम की बाग लगाते अर्थात् परोपकार मय जीवन बिताते और अमृत ऐसा फल खाते और राम का नाम भजते ?

हे प्रिय ! प्रेम के बौर बाग में नहीं आते। प्रेम बाजार में भी नहीं बिकता। बिना प्रेम का मनुष्य अँधेरी रात की तरह है। प्रेम के बाजार में हीरा रत्न बिकते हैं। चतुर चतुर लोग जो प्रेम के पारखी हैं सौदा कर लेते हैं। मूर्ख जो प्रेम के पारखी नहीं है पछताया करते हैं ॥२,३॥

स्त्री अपने पति को समझा रही है कि जब तुमने गार्हस्थ्य जीवन का तम्बू इस संसार में खड़ा कर दिया अर्थात् मुझसे विवाह करके गृहस्थी जमा चुके तब तुम्हें प्रेम करके ही अपना जीवन सार्थक करना चाहिये। इस जीवन में भी प्रेम के द्वारा तुम रत्न प्राप्त कर सकते हो।

(८)

मैं न लड़ी थी बलमा चले गये हो।
रँग महल मे दस दरवजवा, ना जानी खिरिकिया खुली थी ॥१॥
पाँचो जानी मोरी रान्ह परोसिन तुम से बलमु कछु कहियो न गये हो।
मैं न लड़ी थी बलमा चले गये हो ॥२॥

मैंने लड़ाई झगड़ा नहीं किया था; पर प्रियतम (मेरी आत्मा) चले गये।

इस रंग महल में (शरीर में) दस दरवाजे हैं, (दस इन्द्रिय रूपी द्वार हैं) मुझे नहीं मालूम कि कौन सी खिड़की खुली थी जिससे प्रियतम चले गये।

अरी पाँच सहेलिनो ! (पाँच ज्ञानेन्द्रियाँ) तुम मेरी पड़ोसिन हो क्या जाते समय प्रियतम ने कुछ तुमसे कहा नहीं ?

विविध गीत

(१)

अमवा मोजरि गइले महुआ टपकि गइले,
केकरा से पठवों सनेस ॥
रे निरमोहिया छाड़ दे नोकरिया०॥१॥
मोरा पिछुअरवा भीखम भइया कयथवा,
लिखि देहु एकहि चिठिया ॥ रे निरमोहिया० ॥२॥
केथिये में करबों कोरा रे कगजवा,
केथिये में करबों मसीनिया ॥ रे निरमोहिया० ॥३॥
अँचरा त फारि फारि कोरा रे कगजवा,
नैन कजरवा मसीनिया ॥ रे निरमोहिया० ॥४॥
आरे पासे लिखिहो सर रे सनेसवा,
बीचे ठैयाँ बरहो बिरोग ॥ रे निरमोहिया० ॥५॥
बाट ऐ बटोहिया तूहूँ मोरा भइया,
हमरो सनेसवा लेले जइह ॥ रे निरमोहिया० ॥६॥
हमरो सनेसवा बलमुआ से कहिह,
तोर धनी बिरहे बेआकुल ॥ रे निरमोहिया० ॥७॥
तोहरा बलमुआ के चिन्हलों ना जनलों,
केकरा से कहबों सनेस ॥ रे निरमोहिया० ॥८॥
ठीक दुपहरिया नबाब कचहरिया,
ताहि बीचे बइठे सामी मोर ॥ रे निरमोहिया० ॥९॥
हथवा बढ़ाई सामी चिठिया लिहलनि—
बचलनि पाती धनी लिखेले बियोग ॥ रे निरमोहिया छाड़० ॥१०

आम में बौर आगये। महुआ टपक गये। हा! मैं प्रियतम के पास किसके हाथ सन्देश भेजूँ? प्रोषित पतिका वसन्त ऋतु में कह रही है। हे! निर्मोही! तू नौकरी छोड़ दे॥१॥

मेरे पिछवारे भीखम नाम का कायस्थ रहता है। ऐ भीखम ! एक चिट्ठी मेरे लिये लिख दो। हे निर्मोही नौकरी छोड़ दो ॥२॥

कायस्थ ने पूछा—अरी स्त्री ! मैं किस चीज का कागज बनाऊँ ? किस चीज की स्याही बनाऊं ? (मेरे पास तो कुछ नहीं।) ॥३॥

स्त्री ने तुरन्त अपना अञ्चल फाड़कर और भीगी आँखों से काजल ले कर कायस्थ को देते हुये कहा—अञ्चल फाड़ करके तो तुम कोरा कागज बनाओ। और मेरी इन आंखों के इस अञ्जन की स्याही तैयार करो और लिखो। रे निर्मोही नौकरी छोड़ दे ॥४॥

ऊपर नीचे तो तुम यहाँ का समाचार और मेरा सन्देशा लिखना पर बीच स्थान में मेरे बारहों वियोग (वर्ष के बारह मासों के वियोग की अनुभूति) लिखना। रे निर्मोही तू नौकरी छोड़ दे ॥५॥

हे बाट से जाने वाले बटोही तुम मेरे भाई हो। तुम मेरा सन्देश मेरे प्रियतम के पास लेते जाना। उससे कहना कि रे निर्मोही नोकरी छोड़ दे और मेरा यह भी सन्देश बालम से सुनाना कि तुम्हारी स्त्री विरह से व्याकुल हो रही है। तुम निर्मोही नौकरी छोड़ दो ॥६,७॥

पथिक ने कहा —मैंने तुम्हारे पति को न कभी देखा न उसके सम्बन्ध में कुछ सुना ही किससे मैं तुम्हारा सन्देश कहूँगा कि रे निर्मोही नौकरी छोड़ दे ॥८॥

विरहिणी ने तुरन्त उत्तर दिया। पता तो उसे कुछ ज्ञात नहीं था। नाम भी अपने मुख से ले नहीं सकती थी (हिन्दू प्रथानुसार स्त्री पति का नाम शिष्य गुरु का नाम नहीं लेता) उसने संकेत बता दिया—ठीक दोपहर को वहाँ के नवाब की कचहरी के बीच में मेरे स्वामी बैठते हैं। वहीं उनको पत्र दे देना। और कहना कि रे निर्मोही नौकरी छोड़ दे ॥९॥

पति ने हाथ बढ़ा कर पत्र लिया। उसे पढ़ा। और कहा पत्र में स्त्री ने अपना वियोग लिखा है ॥१०॥

इस गीत को हफ़ फ्रेजर ने फाकलोर फ्राम ईस्टर्न गोरखपूर शीर्षक से जी० ए० ग्रियर्सन साहब के सम्पादकत्व में इण्डियन एन्टीक्वीटी में प्रकाशित किया था।

(२)

चैतार (विहागड़ा)

मानल सैयाँ रुसि गइलनि बौरी कोइलि हो तोरी बोलियन ॥
(ए, री,) आधी रात अगली पहर राति पिछली कोइल
· हो तोरी बोलियन मानल सैंया० ॥

री पगली कोयल ! मेरा प्रसन्न हुआ पति भी तुम्हारी बोली सुनकर रूठ गया। अर्थात् अभी जो उसको मैंने किसी तरह सन्तुष्ट कर संयोग के लिये आकर्षित किया था सो वह फिर तेरी बोली सुन कर रूठ गया।

(३)

ननदी सैंया नाहीं अइलें ॥
अमवा मोजरि गइले लगले टिकोरवा डाल ·पात
झुकि मतवरवा ॥ ननद सैंया० ॥१॥
चोलिया से जोबना बहर भइलन ननदी कइसे
करि के छिपावों ॥ ननदी सैंया० ॥२॥

हे ननद मेरे स्वामी नहीं आये। वसन्त ऋतु आई भी और बीत भी चली। देखो न बौर आ गये। टिकोरे (छोटे फल) भी निकल आये। उसकी डालों के झरे हुए पत्ते भी निकल आये। अब आम वृक्ष डाल पात से लह लहा कर मारे आनन्द के मतवाला हो रहा है। हे ननद सैयां आज तक नहीं आये॥१॥

कंचुकी से मेरे कुच बाहर हो रहे हैं। मैं इन्हें कैसे छिपा कर रखूँ। हे ननद ! स्वामी नहीं आये ॥२॥

कितना सुन्दर मादक और करुण यह चैतार है। इसी भाव को लेकर 'विदेसिया गाना' में एक सुन्दर पंक्ति मुझको सुनने को मिली। इसके बाद के चरण नहीं मिल सके। वह पंक्ति यों हैं—

अमवा मोजरि गइले लगले टिकोरवा
से दिन पर दिन पियराय रे बिदेसिया।

बिरहिणी कह रही है—अरे विदेशी तुम नहीं आये। यहाँ आम में मंजरी लग गयी। फिर उसमें टिकोरे भी लग गये। हा अब वे टिकोरे (छोटे फल) धूप

और जलाभाव से सूख कर पीले पड़ रहे हैं। (हा वैसे ही मैं भी विरह ताप से तुम्हारे प्रेम जल के अभाव में सूख सूख कर पीली पड़ रही हूँ। इसी छन्द में बाबू रघुबीर शरण जी ने कई पुस्तिकाये राष्ट्र भाव को लेकर 'बटोहिया' 'परदेसिया' इत्यादि लिखी हैं। बटोहिया की पंक्ति है :—

भारत सुभूमि भैया भरत के देसवा से मेरो प्रान बसे हिम खोह
रे बिदेसिया।
एक ओर घेरे रामा हिम कोतवलवा से तीनि ओर सिन्धु
घहराय रे बटोहिया ॥

पाठक इस गीत में देखेंगे कि मोजरि (मंजरी) संज्ञा को यहाँ क्रिया बनाया गया है मंजरी आने के अर्थ में।

भिखारी ठाकुर की रचना

भिखारी ठाकुर जाति के नाई शाहाबाद जिले में कुतुबपुर धुसरिया गाँव के रहने वाले हैं। अब इस गाँव के गंगा की बाढ़ से कट जाने से कुछ जमीन तो शाहाबाद में रह गयी है और कुछ सारन में पड़ी है। ये अपढ़ हैं पर बड़े प्रतिभा के कवि हैं। इनका भिखारिया नाम सारे भोजपुरी प्रान्त में प्रसिद्ध है। इनकी बीसों रचनाये हैं जो प्रकाशित भी हो चुकी हैं। वे खुद प्रकाशित कर बेच लेते हैं। १० वर्ष पूर्व एक बार मुझे वे करीब आधी दर्जन पुस्तकें 'बेटी वियोग' 'भिखारी बहार' आदि दे गये थे। जो सब मेरे स्कूल में विगत अगस्त के आन्दोलन में अंग्रेज सिपाहियों द्वारा आग लगा दिये जाने के कारण जल गयीं। कुछ गीत मेरे भोजपुरी भाषा और उसका साहित्य सौन्दर्य नाम लेख में उद्धृत थे वे ही मुझे इस समय मिल सके जो यहाँ उद्धृत हैं। भिखारी ठाकुर ने अपने परिचय में भी अनेक छन्द कहा है उनमें से चन्द यहाँ उद्धृत हैं—केवल कवि की जानकारी के हेतु गीत तो बाद में दिये ही जायँगे।

भिखारी बहार में वे लिखते हैं—

नाम भिखारी काम भिखारी, रूप भिखारी मोर।
ठाट पलान मकान भिखारी, भइल चहूँ दिस सोर ॥

ना पाटी पर पढ़लीं भाई, नाम बहुत दुरि पहुँचल जाई।
कहे भिखारी लिखलीं थोर, विद्या से बानी कमजोर ॥
हित अनहित से हाथ जोरि के, मागत भिखारी भीख।
राम नाम सुमिरन कर, तुही गुरू हम सीख ॥
(भिखारी ठाकुर की बेटी वियोग नामक पुस्तिका से)

(४)

छछनवल जिअरा बाबू मोर ॥
रस से बस मतवाल भइल मन, चढ़ल जवानी मोर ॥
दिन राति कबों कल ना परत बा, गुनत गुनत होता भोर ॥१॥
छछनवल जिअरा० ॥
बाल वृद्ध एक संग कइ दीहल, पथल के छाती बा तोर ॥
कहत भिखारी जवानी काल बा, मदन देला झकझोर ॥२॥
छछनवल जिअरा० ॥

वृद्ध से विवाहिता जवान कन्या बिलख बिलख कर कह रही है—हे बाबू! (पिता जी) तुमने मेरे मन को छछना कर रख दिया (रुला कर छोड़ दिया) अर्थात मुझे (अपनी सारी कामनाओं को सदा असन्तुष्ट रखने और स्वयं झंखते रहने के लिये विवश कर दिया)।

रस के वशीभूत होकर मेरा मन मतवाला सा हो रहा है। मेरी जवानी चढ़ी हुई है। दिन रात कभी भी मुझे चैन नहीं पड़ती। सोचते सोचते सवेरा हो जाता है ॥१॥

तुमने बाल और वृद्ध को एक साथ कर दिया। तुम्हारी छाती पत्थर की थी। भिखारी दास कहते हैं कि कन्या रो रोकर कह रही है कि हे पिता! मेरी चढ़ी हुई जवानी का यह समय है। मदन मुझ अबला को झकझोर झकझोर कर रख देता है। ॥२॥

हे पिता तुम्हारे कारण मुझे बहुत रोना पड़ा। कितनी मर्म भेदी अभिव्यक्ति है।

(५)

विवाह में जो परिछावन रस्म होता है उसका गीत।

चलनी के चालल दुलहा सूप के फटकारल हे।
दिअका के लागल पर दुआरे बाजा बाजल हे॥
आँवाँ के पाकल दुलहा झाँवा के झारल हे।
कलछुल के दागल बकलोल पुर से भागल हे॥
सासु के अँखिया में अनपटवा छावल हे।
आइ कर देख बर के पान चबुलावल हे॥
आम लेखा पाकल दुलहा गाँव के निकालल हे।
अइसन बकलोल बर चटक देइ का भावल हे॥
मउरी लगावल दुलहा जामा पहिरावल हे।
कहत भिखारी हवन राम के बनावल हे॥

वृद्ध दुलहे को व्यंग्य करके गाया हुआ मंगल गारी है। अरे यह चालन का चाला हुआ (बहुत पतला) और सूप का फटका हुआ (बहुत हलका) दुलहा है। यह दीमक का खाया हुआ है अर्थात् इसके मुख तमाम चेचक के दाग से गड़ेदार हो रहे हैं। फिर यह बाजा बजा कर विवाह करने आया है॥

वृद्धावस्था के कारण इसका रंग ऐसा हो गया है जैसे कुम्हार के आवाँ में यह पका दिया गया हो और झाँवा से खूब रगड़ रगड़ कर धो डाला गया है।

अरे इसके शरीर में जगह जगह काले निशान पड़ गये हैं मानो कलछुली तप्त करके उससे यह दाग दिया गया हो। यह दुलहा ऐसा मूर्ख ज्ञात होता है मानो बकलोलपुर (बेवकूफों के नगर) से भाग कर यहाँ आ रहा है।

अरे कन्या की मा क्या अन्धी थी कि उसने ऐसा वर पसन्द किया? वह कहाँ है आकर इस दूल्हे का बेदाँत के मुंह से पान चबुलाना तो देखें।

अरे यह आम के ऐसा पका हुआ और अपने गाँव से निकाला हुआ बेवकूफ दुलहा किस तरह से चटक मन वाली कन्या की मा को भाया है।

इसके माथे पर मौर है। शरीर पर जामा है। भिखारी ठाकुर कहते हैं कि यह दुलहा साक्षात भगवान द्वारा ही बनाया गया है॥

(६)

भइ गइली काल हम, पुरुब में कवन कसूर कइली बाबू जी ॥
जेहि लागि आजु हम दुनियां से भइलीं कम,
बर देखि घर ना सोहात बाटे बाबू जी ॥
सिकुरल चाम जइसे सुखल चुचेला आममुहवा
फटलका लेदरवा हटे बाबू जी ॥
आँखि से सूझत कम हर दम घोंचत दम
मथवा के बारवा चँवरवा हटे बाबू जी ॥
मुँहवा में दाँत नाहीं गाले मुंहे लार चूए बोलली
पर भीतर सड़ल बदबू बाबू जी ॥
पति कर देखि गति पागल भइल मति रोइ रोइ
करीला बिहान मोर बाबू जी ॥
पयदा भइली जग फयदा मिलल इहे छतिया
में जरत बा मसाल मोर बाबू जी ॥
हुकुर हुकुर छाती करत बाटे दिनराती अधजीव
दुलहा पसन कइल बाबू जी ॥
घड़ी घड़ी होत झड़ी सीक से भरल बा नरी
नरक बिगत दिन बीती मोर बाबू जी ॥
पति के बुढ़ाई देखि मन के गइल सोखी धनवा
भइल कलपनवा हो बाबू ॥
रोअत बानी सिर धुनि इहे छछनल सुनि बेटी
मति बेचे दीह केहू के हो बाबू जी ॥
कहत भिखारी त खरारी के इआदि करके फेनि
मति करीह अइसन काम मोर बाबू जी ॥
रतिया के छतिया में बत्तिया जरेला मोरा,

अगुआ अलम तुरि दिहलसि ए बाबू जी ॥
अइसन दुखवा जे मुख से कहात नाहीं जानत बाटे
हिरदय हमार मोरे बाबू जी ॥
बिपति सेवत बानी हमरा का परेसानी बेटी नाहीं
जमली सतुरवा हो बाबू जी ॥
हरिहर नाथ जी का चरन में नाके माथ करत
भिखारी परचार मोर बाबू जी ॥
जाति के हजाम मोर कुतुबपुर ह मोकाम छपरा
से तीन मील दिअरा में बाबू जी ॥
पुरुब का कोना घर गंगा के किनारे पर, जाति
पेसा बाटे बिद्या नाहीं बानी बाबू जी ॥१॥

हे पिता जी मैंने आपका पूर्व जन्म में कौन सा ऐसा अपराध किया कि इस जन्म में मैं आपको काल के समान हो गयी ।

धुन पूर्वी

श्री भिखारी ठाकुर कृत 'बड़ा बिदेसिया नाटक' से
'प्यारी विलाप बटोही से'

(१)

पिया मोर गइले परदेस ए बटोही भइया ।
राति नाहिं नींद दिन तनी ना चयनवाँ ए बटोही भइया ॥
सहतानी बहुत कलेस ए बटोही भइया ।
रोअत रोअत हम भइलीं पगलीनियाँ ए बटोही भइया ॥
एको नाहीं भेजले सनेस ए बटोही भइया ।
नाहक जवानी हमें दिहले बिधाता ए बटोही भइया ॥
कुछु दिन में पाके लागी केस ए बटोही भइया ।
कहत भिखारी तोहरा गोड़वा क लउड़िया ए बटोही भइया ।
करीह तू पिया के उपदेश ए बटोही भइया ॥

(२)

प्यारी वचन बटोही से

× × ×

हमरा बलमुजी के बड़ी बड़ी अँखिया से,
चोखे चोखे बाड़ें नयना कोर रे बटोहिया।
ओठवा त बाड़ें जइसे कतरल पनवा से।
नकिया सुगनवा के ठोर रे बटोहिया।
दँतवा ऊ सोभे जइसे चमके बिजुलिया से,
मोछियन भँवरा गुँजारे रे बटोहिया।
मथवा में सोभे रामा टेढ़ी कारी टोपिया से,
रोरी बुना सोभे ला लिलार रे बटोहिया।

(३)

बटोही वार्ता विदेशी से

× × ×

पछिम के हईं हम बारे रे बटोहिया,
पुरुब करीले रोजगार रे बिदेसिया।
तोरी धनी बाड़ी रामा, अँगवा के पातर से,
लचकेली छतिया के भार रे बिदेसिया।
केसिया त बाड़े जइसे लोटे रे नगिनियाँ से,
सेनुरा से भरल लिलार रे बिदेसिया॥
अँखिया त हउवे जइसे अमवा के फँकिया से,
गलवा सोहेला गुलेनार रे बिदेसिया।
बोलिया त बाड़ी जइसे कुहुँके कोइलिया से,
सुनि हिया फाटेला हमार रे बिदेसिया।
मुँहवा त हउवे जइसे कमल के फुलवा से,
तोहिं बिनु गइले कुम्हिलाई रे बिदेसिया।
अइसन तिरिअवा के सुधि बिसरवले से।

तोहरा के हवे धिरीकार रे बिदेसिया ॥

यह गीत और इसके पूर्व वाले गीत में नायक नायिका का कितना सुन्दर और जोवित वर्णन हुआ है। भिखारी ठाकुर अपढ़ ग्रामीण कवि हैं। फिर भी उनकी शब्द योजना और वर्णन की प्रौढ़ता तथा उपमा और प्रसाद गुण की सुन्दरता किसी भी शिक्षित कवि से कम नहीं कही जायगी। रस परिपाक में तो वे इतने सफल हैं कि कुछ दिनों तक इस नाटक के ड्रामें भी खेले जाने की पुलिस द्वारा मनाही थी। कितनी नव युवतियाँ इस नाटक से प्रभावित होकर लोक लाज तक त्याग देने पर उद्यत हो जाती थीं।

(४)

प्यारी विलाप

× × ×

पिया पिया कहिले सखिया पिया नाहीं रे हितवा, गइले बिदेसवा।
हो गइले बिदेसिया सइयाँ भेजे ना रे सनेसवां।
सँगही के सखिया सब भइलीं लरकोरिया, बिहरे ला छतिया।
हो बिहरेला छतिया मोरा तलफे जोबनवां ॥
पिया पिया कहत रामा पीअर भइलीं बिदेसिया,
पिया नाहीं अइले कासे कहबि दिल के बतियां ॥
मोरा लेखे नइहर सखिया बसे जमुरजवा।
लहरे करेजवा हो लहरे करेजवा देखि सइयवां के रे भवनवाँ ॥
सबके बलमुआ सजनी अइलें रे भवनवा।
छवले बिदेसवा हो छवले बिदेसवा रामा पापी मोर बलमुआ ॥
एक मन करे रामा होइतीं रे जोगिनियाँ!
धुइयां रमइतों रे छाड़ि सइयां के भवनवाँ ॥
कहे नाथ सरन मोरा हियरा धरे ना धिरिजवा मिलिते,
बलमुआ हो मिलिते बलमुआ बाड़े राजा के नोकरिया ॥

यह नाथ सरन कवि भी भिखारी नाटक मण्डली के शायद कवि हैं तभी यह गीत बबा विदेशिया नाटक सम्मिलित है।

(५)

प्यारी विलाप

× × +

सइयां मोरे रहिते त धइ बान्हि मरिते से।
केकरा से कही कर जोरि रे बिदेसिया॥
सावन भदउआ के निसि अँधिअरिया से।
सोइ गइले टोलवा परोस रे बिदेसिया॥
हमरो अभागिन के फुटले करमवा से,
सहि नाहीं जाला ई कलेस रे बिदेसिया॥
पइतीं कटरिया आपन जिया हतितीं से,
भेटि जइतें बरहो बिरोग रे बिदेसिया॥

नायिका का यह विलाप उस समय का है जब रात्रि में उसका पति विदेश से आकर घर का द्वार खोलना चाहता है और नायिका उसे चोर डाकू समझ कर मारे भय के अपने प्रियतम को स्मरण कर के रोती है और आत्म हत्या करना चाहती है।

(६)

श्री भिखारी ठाकुर कृत "बड़ी प्यारी सुन्दरी वियोग" यानी "परदेसिया" नामक पुस्तिका से जिसका सन् १९१२ ई० में ८००० प्रतियाँ चौथा संस्करण गोरखपुर प्रिंटिङ्ग प्रेस, गोरखपुर से प्रकाशित हो चुका था। इधर कितने संस्करण छपे लेखक को ज्ञात नहीं। आज भी इस पुस्तिका की लोक प्रियता वैसी ही बनी है।

रङ्ग महल बइठल सोचे प्यारी धनिया से।
बिरह सतावे जिया बीच परदेसिया॥
गवना कराइ छयला हमें छाड़ि दीहले से,
अपने गइले परदेस परदेसिया॥
चढ़ली जवनियाँ बएरन भइली हमरी से॥
मदन सतावे जिय माहि परदेसिया॥

मदन बिरह जिया भइले मतवलवा से,
के हो मोरा हरिहैं दरद परदेसिया ॥
घेरी त आवे रामा, कारि हो बदरिया से,
बिजुली चमके घन बीच परदेसिया ॥
बिजुली चमक जिया सनक समइले से,
केहू ना हमरो संग साथ परदेसिया ॥
मोरवा के बोलिया सुनत छतिया धड़के से,
पपिहा त करेला पुकार परदेसिया ॥
केकरा से भेजों रामा प्रेम के पतिया से,
केकरा से सर ई सनेस परदेसिया ॥
जब सुधि आवे सइयाँ तोहरी सुरतिया से,
लहरे करेजवा हमार परदेसिया ॥
स्रवन त चाहे राजा तोरी कुसलतिया से,
नयनवाँ दरसवा तोहार परदेसिया ॥
तोहरा कारन राजा खकिया रमइहों से,
धरिहों जोगिनिया के भेस परदेसिया ॥
कबले लवटिहईं पापी मोर बलमुआ से,
मोरे बिरहनियाँ के भाग, परदेसिया ॥
हमरी त सुधि राजा तुहउँ बिसरउले से,
सवति भइली तोहे पिआरी परदेसिया ॥
हाय रे बेदरदी ! दरदिया नाहीं आवे तोही,
पत्थर की छतिया तोहार परदेसिया ॥
दिनवां त, बीते तोरी इन्तजरिया से,
रतियाँ नयनवां ना नींद परदेसिया ॥
घरी राति गइलो राम पिछली पहरवा से,
लहरे करेजवा हमार परदेसिया ॥
अमवा बउरि गइले लागल सरि सइया से,

दिन दिन होला तइयार परदेसिया ॥
एक दिन अइहें राजा जुलुमी बयरिया से,
डार पात जइहें रे नसाई परदेसिया ॥
बगिया भइलि तइयार निरमोहिया से,
प्रेम जल बिनु कुम्भिलाय परदेसिया ॥
सुखतीं चहत इहे प्रेम के जे बिरवा से,
रहि जाई मन पछताइ परदेसिया ॥
फुलवा त खिलले गुलबवा कि कलिया से,
जात रहल अजब बहार परदेसिया ॥
अइली सुरति पिया चढ़लीं अटरिया से,
चितईला नयना उठाइ परदेसिया ॥
कतहूँ ना देखीला पिआरे के सुरतिया से,
गिरिला पछरवा मैं खाय परदेसिया ॥
कछु देर माहिं मोर जियरा सचेत भइले,
भइलीं खिरिकिया पर ठाड़ परदेसिया ॥

प्रस्तुत गीत भी भिखारी ठाकुर की ही रचना है। इसमें विरहिणी का कितना करुण और सजीव चित्रण किया गया है यह गीत भी गाये जाते समय श्रोता को मोह लेता है। प्रकृति वर्णन भी कम सुन्दर नहीं है। इस गीत की लोक प्रियता भोजपुरी भाषियों में कितनी है यह इस पुस्तक के उपर्युक्त कथित संस्करण संख्या से पता चलता है।

(७)

बटोही वचन परदेशी से

जात तो रहलीं मैं पतरी डगरिया से, कलपे खिरिकिया प ठाढ़ बिरहिनियाँ।
नयन टपकि परले हमरी चदरिया से, चितईला नयना उठाय परदेसिया ॥
अँगवा के पतरी त हई प्यारी धनिया, कि देखते बटोहिया जिया जात परदेसिया।
गलवा त हउए जइसे खिलेला गुलबवा से अखिया मिरिगवा के नाईं परदेसिया ॥
बोलिया तबोले जइसे सबद कोइलिया से, ले ली ऊ त करेजवा निकासि परदेसिया।

टिकुली त साटे उहे रस ही बेंदुलिया से, इँगुरा त देले ऊ लिलार परदेसिया॥
मथवा पर देले ऊ त माथ के बेंदुलिया से, नकिया झुलनिया झोंकेदार परदेसिया।
अइसन तिरिअवा के तूहो तजि दीहल से, तेकर गजबवा के धार परदेसिया॥
मुँहवा त हवे प्यारी कँवल के फुलवा से, तोहरे बिना गइले कुम्हलाइ परदेसिया।
हाय, निरमोहिया फटे ना तोरो छतिया से, सुनत बियोगवा के बात परदेसिया
एतना बचन राजा सुनही ना पवले से, गिरेले मुरछवा ऊ खाई परदेसिया॥

ब्रज भाषा के शिक्षित कवियों के दूती और दूतों के अनेक सम्वादों को पाठक सुन चुके हैं। इस अपढ़ ग्रामीण कवि दूत का सम्वाद भी आज पढ़ ही लिये। क्या आप कह सकते हैं कि इस दूत ने विरहिणी का सम्वाद सुनाने में अपेक्षाकृत कोई भूल की? विरहिणी का रूप कितनी सुन्दर सूक्तियों में उसने परदेशी नायक के सामने चित्रित किया कि वह सुनते ही मारे शोक के मूर्छित हो गया। तभी तो भोजपुरी में विरहिणी का यह विरह विलाप इतना लोकप्रिय बना।

पूर्वी (नाथ सरन कवि कृत)

(८)

चढ़ली जवनियां हमरी बिरहा सतावेले से,
नाहीं रे अइले ना अलगरजी रे बलमुआ से नाहीं० ॥
गोरे गोरे बहियां में हरी हरी चूरियाँ से,
माटी कइले ना मोरा अलख जोबनवां से मा० ॥
नाहीं० ॥
झिनवाँ के सारी मोरा रेसम के चोलिया,
गरदवा कइले ना मोरा पापी रे बलमुआ गरदवा० ॥ नाहीं० ॥
अबहीं उमिरि मोरा बारी से जवनियां,
जुलुमवाँ कइले ना गइले पिया परदेसवा जुलमवा० ॥ नाहीं० ॥
कहे नाथ सरन पियारी हियरा धरु धिरिजवा,
गजब रे कइले ना कइ गइले रे बहनवा गजब० ॥ नाहीं० ॥

(९)

पूर्वी विहाग

(जगरनाथ के विकृत)

सत्याग्रह में नाम लिखाईं, सइयाँ जेहल छवले जाईं, रजऊ कइसे होइहें ना,
ओही जेहल के कोठरिया रजऊ कइसे होइहें ना ॥ टेक॥
गोड़वा में बेड़िया हाथ पड़लीं हथकड़िया, रजऊ कइसे चलिहें ना,
बोझा गोड़वा में जनाई, रजऊ कइसे चलिहें ना ॥
घरवाँ त सइयाँ कुछ, करते नाहीं रहलें अटवा कइसे पिसिहें ना,
भारी जेहल के चकरिया उहवाँ कइसे पिसिहें ना ॥
घर के जेवनवाँ उनका नीक नाहीं लागे, उहवाँ कइसे खइहें ना,
जव के रोटिया घास सगवा उहवाँ कइसे जेइहें ना ॥
मखमल पर सुतले उनका निदिया ना आवे, उँहवाँ कइसे सुतिहें ना,
सइयाँ कमरा के सेजरिया उँहवाँ कइसे सुतिहें ना ॥
जगरनाथ बुद्धू सत्याग्रह में नाम लिखइहें जेहल उनहू जइहें ना,
भारतमाता के करनवाँ जेहल उनहू जइहें ना ॥
रजऊ कइसे होइहें ना ओही जेहल के कोठरिया, रजऊ कइसे होइहें ना० ॥

इसी तरह अनेकानेक सामयिक विषयों को लेकर भोजपुरी कवि लिखा करते हैं। उनमें रीति कवियों की तरह अपनी लेखनी को किसी एक खास विषय (यानी शृंगार और आध्यात्म) तक ही सीमित रखने की परिपाटी नहीं है। इससे भोजपुरी कवि की विचार स्वतन्त्रता तथा उसके विषय ग्रहण का व्यापक दृष्टिकोण प्रमाणित होता है। और नीचे के यह गीत 'पूर्वी का पीताम्बर' उर्फ 'पूर्वी भंडार नामक' प्रकाशित पुस्तिका से संग्रहीत है जो मेवालाल एण्ड कंपनी बनारस कचौड़ी गली द्वारा प्रकाशित है।

(१०)

गवना लिआके हमके घरे बइठाके हो छयलऊ।
अपने सिधरल बिदेस हो छयलऊ ॥ टेक।

जोहीला हम रहिया अइसन भइल निरमोहिया हो छयलऊ।
तरसे ला जियरा हमेस हो छयलऊ ॥ अपने खिधरल० ॥
हमके भूलइल कवना सवतीन पर लोभइल हो छयलऊ।
एको नाहीं भेजेल सनेस हो छयलऊ ! ॥अपने० ॥
तोहरे करनवाँ रजऊ ! तजबइ परनवाँ हो छयलऊ।
जियरा पड़ल बा अनेस हो छयलऊ ! ॥ अपने० ॥
मोट कइके नजरिया तेजि के गइल सेजरिया हो छयलऊ !
लटिअइलें मथवा के केस हो छयलऊ ! ॥अपने०॥
जगरनाथ बुद्धू अइसन भइलें निरमोहिया हो छयलऊ !
दे गइलें कठिन कलेस हो छयलऊ ! ॥अपने० ॥

ग्रामीण विरहिणी का कितना सुंदर और स्वाभाविक विलाप है। सावन की चलती पुरवाई में जब खेत की मेड़ पर खड़ा खड़ा कृषक आकाश के बादलों को देखकर अपनी प्रेयसी को बिसूर बिसूर कर अपनी हृदय व्यथा को इस गीत के द्वारा पञ्चम तान में अलापता है तो सुनने वाले के मन की क्या दशा होती है यह वही समझ सकता है जिसने स्वयं उसे कभी सुना है।

पूर्वी दोहावली

(११)

खोजें सखियाँ सब बिलखाई, पूछें ग्वालिन से हरखाई।
हरिजी कहवाँ हो गइले ना ॥ टेक ॥

दोहा

हम बिरहिन के तजि के स्याम, गइलें कवनी ओर।
स्याम के सूरति बिसरति नाहीं, हाय ऊ गइलें छोर ॥१॥
कहाँ लोभाई हो गइले ना, देख गइया के चरवइया
कहां लोभाई हो गइले ना, सूनर बँसिया के बजवइया।
हरिजी कहवाँ हो गइले ना ॥

दोहा

मथुरा अवर बिन्दाबन खोजली, नाहीं मिले मुरार ।
बिन मोहन के पड़त चैन ना, अइसन हाल हमार ॥२॥
जाके कहवाँ भुलइले ना, अइसन होकर के निरदइया ।
जाके कहवाँ भुलइले ना । सूनर बँसिया के बजवइया ॥
हरिजी कहवाँ गइले ना० ॥

दोहा

जब से प्रभु जी तजि के गइले, तब से लागत उदास ।
कहाँ भुलइलें अइलें नाहीं, जोहीलीं उनके आस ॥
अबहीं नाहीं हो अइलें ना हमरे दहिया के जेंवइया ।
अबहीं नाहीं हो अइलें ना । सूनर बँसिया० ॥
कइलीं कवन तकसीर स्याम जी, गइलीं नाता तोड़ ।
बालेपन से प्रीति लगाके, चललीं अकेले छोड़ ॥
अबहीं नाहीं हो अइले ना कहत जगरनाथ कँधइया
अबहीं नाहीं हो अइले ना । सूनर बँसिया० ॥

(१२)

जबसे बलमुआ गइलें एकली पतिया ना भेजलें ।
पिया लोभाई गइले ना, कवनी सवतिन के सेजरिया पिया
लोभाई गइले ना० ॥

दोहा

जब सइयाँ छोड़ि के गइलें, भेजले नाहीं सनेस ।
कामदेव तन जोर करत बा दे गइले कठिन कलेस ॥
सइयाँ बेदरदी भइले ना, हमरी लिहले ना खबरिया ।
सइयाँ बेदरदी भइले ना ॥

दोहा

तड़प तड़प के रहीं सेज पर, लागे भयावनि रात ।
जोबन जोर करत बिनु सइयाँ, ई दुख सहल न जात ॥

केहू बिलमाई लिहलें ना गइलें बँगले नगरिया
केहू बिलमाई लिहलें ना ॥

दोहा

अपने पिया परदेस सिधरले, छाड़ि अकेले नार ।
पिया रमले सवतिन घर जाके, हमके दीहले बिसार ॥
पिया बीसारी गइलें ना बइठल जोही ला डगरिया
पिया बिसारी गइले ना ॥

दोहा

दिल के अरमनवा दिल में रहि गइले, करी हम कवन उपाय ।
गम के रतिया कटति नाही काटे, सोंचि सोचि जियरा जाय ॥
पिया खुबारी कइले ना लिहलें हमसे फेरि नजरिया ।
पिया बिसारी गइले ना ॥

दोहा

सहबान उस्ताद हमारा, दिया ज्ञान बतलाय ।
जगरनाथ बुद्धू का मिसरा, सुन मन खुस हो जाय ॥
आज सुनाई गइले ना गाके सुन्दर तरज पुरुबिया आज सुनाई गइले ना ॥

(१३)

सोरहो सिंगार कइके सूतली सेजरिया, सपनवाँ एक ना
राम, देखीं अजगुतवा सपनवाँ एक ना ।
पूरुब देसवा में सइयाँ मोर बन्हइले से पड़ि हो गइली ना
रामा हाथ में हथकड़िया से पड़ि हो गइली ना ॥
तेजलों सिंगार सब धइलों अभरनवाँ से का रे होइहें ना
हमरा सइयाँ के हवलिया से का रे होइहें ना ॥
छोड़लों हम सुग्गा साड़ी कढ़लो में कँगना से फेकि हो दिहली ना
अपना नाके के झुलनियाँ से फेंकि हो दीहली ना ।
कहे श्री किसुन तिवारी सुनि हो लेबू गोरिया से केहो मेटिहें ना
रामा ब्रह्मा के लिखनियाँ से के हो मेटिहहें ना ॥

विद्यापति ठाकुर की रचनायें

(१)

पिया मोर बालक हम तरुनी,
कवन तप चुकलों भइलों जननी।
पहिर लेल सखि इक दछिनक चीर,
पिया के देखत मोर दगध सरीर।
पिया लेलों गोद कइ चललीं बजार,
हटिया के लोग पुछें के लागु तोहार॥
नाहीं मोरा देवर नाहीं छोट भाइ,
पुरुब लिखल हउएँ सामी हमार॥

यह गीत कविता कौमुदी भाग १ में दिया हुआ है बाल-विवाह का कितना सुन्दर व्यंग है।

भजन

कबीर की रचना

(१)

अइली गवनवा के सारी उमिरि अबहीं मोरी बारी। टेक।
साज समाज पिया ले अइले अवरू कहरिया चारी।
बम्हना बेदरदी अँचरा पकरि के जोरत गठिया हमारी॥
सखी सब गावत गारी॥
बिधि गति बाम कछु समुझि परत ना बएरी भइलि महतारी।
रोइ रोइ अँखियाँ मोर पोंछति घरवाँ से देत निकारी॥
भइलों सब के हम भारी॥
गवन करा के पिया लेइ चलले, इत उत बाट निहारी॥
छूटत गाँव नगर से नाता, छूटत महल अटारी॥
करम गति टरत ना टारी॥
नदिया किनारे बलमु मोर रसिया, दीन्ह घुँघुट पट टारी।

थर थराय तन काँपन लगले केहू ना देखे हमारी ॥
पिया लइ अइले गोहारी ॥
कहैं कबीर सुनो भाई साधो यह पद लेहु बिचारी।
अब के गवना बहुरि नहि अवना करि लेहु भेंट अकवारी ॥
एक बेर मिलि ले पियारी ॥

(२)

पावल सतनाम गरे के हरवा।
साँकर खटोलना रहनि हमरी दुबरे दुबरे पाँच कहरवा।
ताला कुँजी हमें गुरु दीहलीं जब चाहों तब खोलों केवरवा ॥
प्रेम प्रीति के चुनरी हमारी जब चाहों तब नाचो सहरवा।
कहे कबीर सुनो भाई साधो बहुरि न अइबे एही नगरवा ॥

(३)

कइसे दिन कटिहैं, जतन बताये जइओ।
एहि पार गंगा ओहि पार यमुना,
बिचवा मड़इया हमरा के छवाये जइओ ॥
अँचरा फारि के कागद बनाइनि,
अपनी सुरतिया हियरा लिखाये जइओ ॥
कहत कबीर सुनो भाई साधो,
बहियाँ पकरि के रहिया बताये जइओ ॥

धर्मदास कृत

(४)

मितऊ मड़इया सूनी करि गइलो ॥
अपने बलमु परदेस निकसि गइलो,
हमरा के कछुओ ना गुन देइ गइलो ॥
जोगिन बनिके मैं बन बन ढूढ़ों,
हमरा के बिरह बियोग देइ गइलो ॥
सँग के सखी सब पार उतरि गइलो,

हम धनि ठाढ़ अकेली रहि गइलो ॥
धरमदास यह अरज करे लें,
सार सबद सुमिरन देइ गइलो ॥

धर्मदास जी कबीर के शिष्य और जाति के कसौधन बनिया थे ये बान्धव गढ़ के बड़े भारी महाजन थे। सन् १५७५ वि० में कबीर साहब के परम धाम को सिधारने पर उनकी गद्दी उन्हें मिली। धर्मदास जी के गीत भी कबीर दास जी के गीतों की तरह प्रारम्भ में प्रायः सभी भोजपुरी में शायद रचे गये थे पर बाद के हिन्दी भाषी विद्वानों ने उन्हें हिन्दी या ब्रज भाषा का रूप देकर उसे हिन्दी का बना डाला। या उन्होंने हिन्दी और भोजपुरी दोनों भाषाओं में रचना की। पहली दशा में हिन्दी के विद्वानों पर—कोई अपहरण का दोष नहीं लगा सकता! भोजपुरी का ज्ञान न होने के कारण ही उन्हें उन शब्दों का पाठ वैसा शायद रखना पड़ा हो जैसा कि हिन्दी में उनका रूप सहज ही हो सकता था। पर जहाँ 'ल' प्रत्यय से क्रिया का प्रयोग इस तरह से हुआ था कि उसका रूपान्तर उसी मात्रा में होना नितान्त कठिन था। वहाँ बाध्य होकर उन लोगों को भोजपुरी शब्दों का वही रूप छोड़ देना पड़ा जैसा वे पहले थे। जैसे उदाहरण के लिये इसी गीत को पं० राम नरेश जी त्रिपाठी अपनी कविता कौमुदी में देते समय 'गइलों' को गइली, 'मड़इया' को मड़ैया, निकसि को 'निकरि', 'होइ' को ह्वै, 'बिरह बिरोग' को 'बिरह बैराग', संग के सखी, को संग की सखी, गइलीं 'को गैलीं, 'देइ' को 'दे', आदि पाठ लिखा है। यह साधारण उदाहरण है। ऐसे उदाहरण अनेक हैं।

(५)

मोरा पिया बसे कवने देस हो।
अपने पिया के ढूढ़न हम निकसी केहू ना कहत सनेस हो॥
पिया कारन हम भइलीं बावरी, धइलीं जोगिनिया के भेस हो।
ब्रह्मा बिसुन महेस ना जाने का जाने सारद सेस हो॥
धनि जे अगम अगोचर पवलन हम सब सहत कलेस हो।
उहाँ के हाल कबीर गुरु जनले आवत जात हमेस हो॥

इस गीत में भी पाठ के सम्बन्ध में वहीं भूलें पं० रामनरेश जी त्रिपाठी ने की है जो पूर्व के गीत में की थीं। जैसे 'पवलन' को 'पहलन' 'जनले' को जानै, 'के' को कै' 'धइली' या 'धरों' को 'धर्यो' 'भइलीं' को 'भई हैं', बसे को बसै पाठ देकर हिन्दी के अनुकूल बना दिया है।

(६)

साहब चितवो हमरी ओर ।। टेक ।।
हम चितईं तुम चितओ नाहीं, तोहरो हृदय कठोर।
अवरन के तो अवर भरोसा, हमें भरोसा तोर ।।
सुखमनि सेज बिछायो गगन में नित उठि करों निहोर।
धरमदास बिनवें कर जोरी, साहेब कविरा बंदी छोर ।।

कबीर साहब ने हिन्दी या ब्रजभाषा वालों के अपने गीत के अर्थ को समझने की इस कठिनाई को समझा था; पर तब भी उन्होंने अपनी मातृ भाषा भोजपुरी में ही अपनी रचना की और इन शब्दों में उसको पश्चिमी देश के निवासियों के लिये दुर्बोध स्वीकार किया था—

बोली हमरी पुरुब की, हमें लखे नहि कोय।
हमको तो सोई लखे, धुर पूरब का होय ।।

यानी उनकी भाषा इतनी ठेठ भोजपुरी थी कि पूरब वाले (भोजपुरी ही) उसे समझ सकते थे दूसरे नहीं।

बात यह थी कि उस समय काव्य के लिये संस्कृत प्राकृत और पाली आदि के बाद दूसरी उन्नत भाषा नहीं थी। और उन भाषाओं में काव्य करना जन काव्य नहीं होता। इसी से प्रायः अधिक सन्त कवियों ने अपनी मातृ भाषाओं में ही रचना की है जो आगे चल कर अन्य भाषा भाषी भक्तों द्वारा हिन्दी, ब्रज भाषा पञ्जाबी आदि अनेक बोलियों के उन शब्दों से भर दी गईं जो उनके मूल रूप और अर्थ को कायम रखते हुए आसानी से बदल दिये जा सके। यही कारण है कि एक ही गीत के अनेक पाठों को हम देखते हैं और एक ही गीत में कई भाषाओं के शब्दों के रूप भी दृष्टिगोचर होते हैं कबीर और धरमदास जीके तो कितने ऐसे गीत हैं जिनमें आद्योपान्त भोजपुरी के शब्द रहने

पर भी केवल एक दो क्रिया या सम्बन्ध कारक का रूप ब्रज भाषा का कर के उसे ब्रजभाषा का कर दिया गया है।

जग जीवन साहब कृत भजन

ये चन्देल राजपूत थे। बाराबंकी जिला का सरहद गाँव जो सरजू तीर पर बसा है वहीं के ये रहने वाले थे। ये धरनीदास के समकालीन थे। इनके चलाये सम्प्रदाय को 'सत्तनामी' सम्प्रदाय कहते हैं। इनकी रचनायें अवधी में भी बहुत हैं।

(७)

जोगिया भंगिया खवावल, बउरानी फिरों दिवानी।
अइसन जोगिया के बलि बलि जइहों जिन्ह मोहि दरस दिखावल।
ना करसे ना मुख से पिआवे नयनन सुरति मिलावल ॥
काह कहों कहि आवत नाहीं जिनकर भाग तिन पावल ॥
जगजीवन दास निरखि छबि देखले जोगिया मूरति मन भावल ॥

(८)

चरनन में लागि रहिहों री ॥ टेक ॥
अवरू रूप सब तिरथ बतावे, जल नहिं पइठ नहइहों री।
रहिहों बइठि नयन से निरखत, अनत न कतहूँ जइहों री ॥
तोहरे से मन लाई रहिहों, अवर नाहीं मन अनिहों री।
जगजीवन के सत गुरु समरथ, निरमल नाम गहि रहिहों री ॥

(९)

चलु चढ़ीं अटरिया धाइ री।
महल में टहल करे ना पाईं, करीं कवन उपाई री ॥
इहां त बएरी बहुते हमरी, तिन से कुछु ना बसाई री।
पाँच पचीसल निसि दिन सतावे, राखलइन अरुझाई री ॥
साईं के निकट बइठि सुख बिलसबि, जोति से जोति मिलाई री ॥
जग जीवन दास अपनाय लेहु वे, नाही त जीव डेराई री ॥